**O’ZBEKISTAN RESPUBLIKASI’ XALI’Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI**

**A’JINIYAZ ATI’NDAG’I’ NO’KIS MA’MLEKETLIK**

**PEDAGOGIKALI’Q INSTITUTI’**

**PEDAGOGIKA FAKULTETI**

**MAK da qorg’awg’a**
**ruxsat yetilsin**
**«Pedagogika» fakulteti dekani’**
**____________ w.w.a. M.Allayarov**

**«Muzi’ka ta’lim» kafedrasi’**

**5111100 - Muzi’ka ta’limi bakalavr bag’dari’ni’n’ IV [a] topar talabasi’ Yeshmuratov Salamat Kamalatdinovichtin’ «Mekteplerde muzi’ka ma’deniyati’ sabag’i’nda saz a’sbaplardan paydalani’w usi’llari’» temasi’ndag’i’**

# BAKALAVR PITKERIW JUMI’SI’

**Talaba:** **S.Yeshmuratov**

**Ilimiy basshi’:_________** **docent I.Jumaniyazov.**

**Qorgawg’a usi’ni’s yetilsin**

**“Muzi’kali’q ta’lim”**
**kafedrasi’ basli’g’i’:________** **docent S.M.Tajetdinova**

**No’kis – 2016**

# M A Z M U N I’


Pitkeriw jumi’sti’n’ temasi’ ha’m jobasi’………………………... 3

Kirisiw.........………………….......................................................... 4-10

I – bap. 1.1. Xali’q saz a’sbaplari’ haqqi’nda tu’sinik................... 11-21

1.2. Muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ni’n’ ka’siplik sheberliginde saz atqari’wshi’li’g’i’n worni’............................................................ 22-26

1.3. Woqi’wshi’larg’a qosi’q u’yretiwde ha’m nama ti’n’lati’wda saz a’sbaplari’ni’n’ a’hmiyeti....................................................... 27-32

II – bap. 2.1. Baslawi’sh klasslarda saz a’sbaplari’ menen tani’sti’ri’w usi’llari’..................................................................... 33-36

2.2. Duwtar saz a’sbapi’ni’n’ du’zilisi ha’m ses shi’g’ari’w texnikasi’........................................................................... 37-45

2.3. Saz a’sbaplari’nda muzi’kali’q ritm beriw usi’llari’................ 46-47

3. Juwmaqlaw ha’m usi’ni’slar...................................................... 48-50

4. Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi........................................... 51-52

# Mekteplerde muzi’ka ma’deniyati’ sabag’i’nda saz a’sbaplardan paydalani’w usi’llari’

Jobasi’:


Kirisiw

I – bap

1.1. Xali’q saz a’sbaplari’ haqqi’nda tu’sinik

1.2. Muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ni’n’ ka’siplik sheberliginde saz atqari’wshi’li’g’i’n worni’.

1.3. Woqi’wshi’larg’a qosi’q u’yretiwde ha’m muzi’ka ti’n’lati’wda saz a’sbaplari’ni’n’ a’hmiyeti.

II – bap

2.1. Baslawi’sh klasslarda saz a’sbaplari’ menen tani’sti’ri’w usi’llari’

2.2. Duwtar saz a’sbapi’ni’n’ du’zilisi ha’m ses shi’g’ari’w texnikasi’

2.3. Saz a’sbaplari’nda muzi’kali’q ritm beriw usi’llari’.

3. Juwmaqlaw ha’m usi’ni’slar.

4. Paydalani’lg’an a’debiyatlar dizimi.

## Kirisiw.

Bi’yi’lg’i’ 2016-ji’l Prezidentimiz İ.A.Karimov ta’repinen “Salamat ana ha’m salamat bala ji’li’” - dep belgileniwi, biz bolajaq woqi’ti’wshi’ ha’m ta’rbiyashi’lar ushi’n u’lken juwapkershilikti seziniwdi talap yetedi. Sebebi, shaxsti’n’ garmoniyali’q rawajlani’wi’nda muzi’ka, ha’r jaqlama ta’sir yetiwshi usi’llari’n payda yetedi. Soni’n’ menen birge wo’sip kiyati’rg’an jas a’wladti’n’ ruwxi’y estetikali’q rawajlani’wi’ni’n’ jan’a forma ha’m metodlari’ni’n’ mexanizmlerin izertlew za’ru’rligin talap yetedi.

«Bu’gingi ku’ni du’nyani’n’ rawajlang’an ma’mleketleri menen bekkem baylani’slar wornata woti’ri’p, bizler wo’z jerimizde yerkin ha’m gu’llengen ja’miyet qurmaqtami’z. Usi’ ulli’ maqsetke yerisiwge, bizin’ turmi’si’mi’zdi’ tag’i’da mazmunli’, tag’i’da jaqi’n ha’m jetilistiriw ushi’n, tek g’ana bizler ko’rkem-wo’nerimizdi ha’m muzi’kani’ wo’zimizdin’ ruwxi’y joldasi’mi’zg’a aylandi’rg’anda g’ana mu’mkin boladi’»-degen yedi prezident İ.A.Karimov wo’zinin’ Tashkent qalasi’nda konservatoriyani’n’ jan’a imarati’ni’n’ ashi’li’w ma’resiminde.

G’a’resziz ma’mleketimiz O’zbekistanni’n’ ha’m Qaraqalpaqstanni’n’ keleshegin payda yetiwshi, watan ti’ni’shli’g’i’n, woni’n’ jaynap jasawi’ ushi’n wo’zinin’ u’lesin qosi’wshi’ ha’r bir insan ma’deniy ha’m ruwxi’y go’zzal boli’wi’ kerek. Bul abat yelimizdin’ keleshegi jaslarg’a baylani’sli’. «Balalar muzi’ka ha’m ko’rkem wo’ner mekteplerinin’ materialli’q-texnikali’q bazasi’n bekkemlew ja’ne wolardi’n’ jumi’si’n bunnan bi’layda jaqsi’law boyi’nsha 2009-2014 ji’llarg’a mo’lsherlengen ma’mleketlik bag’darlama» xaqqi’nda O’zbekistan Respublikasi’ Prezidentinin’ qarari’ ja’riyalandi’. (O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti I.A.Karimov. Tashkent qalasi’ 2008-ji’l 8-iyul).

Prezidentimiz I.A.Karimovti’n’ «Ja’miyette joqari’ ruwxi’y bayli’qlardi’ tasti’yi’qlaw, milliy ideologiyani’ qa’liplestiriw, jaslardi’ bay ma’deniy miyras ha’m tariyxiy da’stu’rlerdi ja’ne uli’wma adamzatli’q, bahali’qlardi’ hu’rmetlewge, watang’a su’yispenshilikke ta’rbiyalaw bizin’ yelimizde a’melge asi’ri’li’p ati’rg’an reformalardi’ belgilewshi faktor boli’p tabi’ladi’. Sol sebepten jas

a’wladi’mi’zdi’n’ sana-sezimin ideologiyami’zg’a say jo’neliste ta’rbiyalaw, g’a’rezsizliktin’ a’hmiyetin toli’q tu’sindiriw, milliy woy-pikirdi qa’liplestiriwde, ko’rkem wo’nerimizde girewli wori’n iyeleytug’i’ni’n yesapqa ali’p, muzi’kani’n’ adamni’n’ psixologiyasi’na ta’siri ju’da’ ku’shli bolg’ani’ sebepli jaslari’mi’zdi’ bul wo’nerge qi’zi’qti’ri’p baslawi’mi’z kerek. Jaslari’mi’zdi’ ruwxi’y jaqtan bay, a’dep-ikramli’, watang’a sadi’q insanlar yetip ta’rbiyalawda muzi’kani’n’ tutqan worni’ girewli.

**Temani’n’ aktualli’g’i’:** Bizin’ keleshegimiz bolg’an jas a’wlatdi’ ha’r ta’repleme jetik insan yetip ta’rbiyalaw ushi’n ma’mleketimizde ko’p is-ila’jlar islenbekte. Jaslari’mi’zdi’ ha’m ruwxi’y, ha’m ma’deniy ha’m salamat yetip ta’rbiyalap, keleshekte ma’mleketimizge jetik insanlardi’ ta’rbiyalap beriwde ma’deniyat ha’m ko’rkem-wo’nerdin’ ta’siri ku’shli. Sonli’qtanda bu’gingi ku’nde worta bilim beriw mekteplerde muzi’ka sabaqlari’nda milliy muzi’ka, salt-da’stu’r qosi’qlar, ha’r qi’yli’ muzi’kali’ janrlar, saz-a’sbaplardi’ u’yretiw, atqari’wshi’lar, muzi’ka ti’n’law, muzi’ka sawatqanli’g’i’na baylani’sli’ temalar wo’tilip kelmekte. Bulardi’n’ ishinde muzi’ka sabag’i’ni’n’ ishinde woqi’ti’wshi’ni’n’ saz a’sbaptan paydalani’wi’ u’lken wori’ndi’ iyeleydi, ha’r bir sabaq saz a’sbap penen baylani’sli’. Bul jerde saz a’sbaplardi’n’ tu’rleri haqqi’nda berilgen. Bulardi’n’ barli’g’i’ jan’a ped.texnologiyalar arqali’ qi’zi’qarli’ yetip ha’r qi’yli usi’llar menen a’meliy bayi’ti’p ken’nen u’yretiw aktual ma’selelerdin’ biri.

**Pitkeriw jumi’sti’n’ maqseti ha’m wazi’ypalari’.** Mektep woqi’wshi’lari’ni’n’ woqi’w bag’darlamasi’nda muzi’ka sabag’i’ni’n’ muzi’ka sawati’ bo’limine qaraqalpaq ha’m wo’zbek xali’qlari’ni’n’ a’sbaplari’, ma’deniyatlari’ni’n’ muzi’kalari’ ha’m kirgizilgen. Bul degenimiz ha’r bir woqi’wshi’ keleshekte ka’mil insan boli’p jetilisiwi ushi’n ha’m wo’zinin’ ma’deniy miyraslari’n ha’m de basqa ma’mleketlerdin’ ma’deniyati’n biliw menen birgelikte sol ma’deniyatti’n’ rawajlani’wi’n u’yretip bari’w jumi’si’mi’zdi’n’ maqseti.

**Izleniw ob’ekti ha’m predmeti.** Muzi’ka sabag’i’nda saz a’sbaplardan paydalani’w. Muzi’ka ma’deniyati’ sabag’i’nda berilgen saz a’sbaplarg’a

baylani’sli’ temalardi’ balalarg’a ha’r qi’yli’ usi’llar menen u’yretiw. Woqi’wshi’larg’a ha’r qi’yli’ saz a’sbaplardi’ aji’rati’w ha’m talqi’lawda jan’a ped.texnologiyalardan paydalani’w.

**Izleniw metodi’ ha’m usi’llari’:** Jaqlaw usi’li’nda a’lbette pedagogikali’q printsipler, pedagogikali’q ta’jiriybeden mi’sallar, woni’ a’melge asi’ri’w ushi’n ta’jiriybedegi jan’a usi’llar tan’lap ali’ndi’. Muzi’ka sabaqli’g’i’nan mi’sallar ali’ndi’.

**Jaqlaw na’tiyjelerinin’ ilimiy jaqtan jan’ali’q kirgiziw da’rejesi.** Woqi’wshi’lardi’ muzi’ka sabag’i’ndag’i’ temalar arqali’ estetikali’q ta’rbiyalaw bu’gingi ku’nde basli’ wazi’ypalardi’n’ biri boli’p tabi’ladi’. Ha’zirgi waqi’tta talabalarg’a jan’a pedagogikali’q texnologiyalar arqali’ bul jumi’sti’n’ mazmuni’n ha’m woni’n’ ilimiylik da’rejesin asi’ri’w, jan’ali’q kirgiziw, axbarot beriw imkaniyati’n jaratadi’. Ilimiy jumi’si’mi’zda muzi’ka ma’deniyati’ sabaqlari’nda saz a’sbaplardan paydalani’w ha’m woqi’wshi’larg’a saz a’sbaplar haqqi’ndag’i’ wo’tiletug’i’n temalarg’a ken’nen tu’sinik berilgen ha’m izertlew jumi’slari’ ali’p bari’lg’an. Bul temalardi’ u’yretiwde jan’a ped.texnologiyalardi’n’ usi’llari’nan paydalani’ldi’ ha’m usi’llar ilimiy izertlew jumi’si’mi’zdi’ a’meliy ha’m teoriyali’q jaqtan bayi’ti’p bardi’.

**Pitkeriw jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri.** Pitkeriw jumi’si’ni’n’ ilimiy-teoriyali’q a’meliy juwmaqlari’ sonnan ibarat, muzi’ka sabaqlari’nda berilgen ha’r bir temani’ tu’sindiriwde jan’a usi’llardan paydalani’p ma’deniy ruwxi’y bayli’g’i’mi’z bolg’an ha’r qi’yli’ saz a’sbaplardi’ analizlew, u’yretiw. Muzi’ka sabag’i’nda «U’plep shertetug’i’n saz a’sbaplar», «Tarli’ uri’p ha’m ilip shertetug’i’n saz a’sbaplar», «Uri’p shertetug’i’n saz a’sbaplar» ha’m «Tarli’ tartqi’shli’ saz a’sbaplar» temalari’ u’yrenilip balalarg’a qolayli’ ha’m qi’zi’qli’ usi’llarda ko’rsetilip berdi. Bul usi’llar muzi’ka sabag’i’nda qollani’lsa wo’z na’tiyjesin tiygizedi. Na’tiyjede paydalang’an usi’llar arqali’ balalar berilgen temani’ teren’irek u’yrenip baradi. Pitkeriw jumi’si’mi’zdi’n’ tiykarg’i’ na’tiyjesi ha’m bul ilimiy jumi’sta berilgen mag’li’wmatlardi’ woqi’w bari’si’nda qollani’w wo’zinin’ na’tiyjesin beredi.

**Pitkeriw jumi’si’ni’n’ du’zilisi:** Pitkeriw jumi’si’ kirisiw, tiykarg’i’ bo’lim yag’ni’y wol eki baptan turadi’, juwmaqlaw ha’m paydalang’an a’debiyatlar diziminen ibarat. Pitkeriw jumi’si’ni’n’ kirisiw bo’liminde temani’n’ aktualli’g’i’, maqseti ha’m wazi’ypalari’, izleniw ob’ekti, predmeti, metodi’ ha’m usi’llari’, jaqlaw na’tiyjelerinin’ ilimiy jaqtan jan’ali’q kirgiziw da’rejesi, pitkeriw jumi’si’ni’n’ tiykarg’i’ na’tiyjeleri haqqi’nda ken’nen tu’sinik berilgen. Tiykarg’i’ bo’liminin’ I-babi’ 3 bo’limnen iba’rat. Bul jerde xali’q saz a’sbaplari’ haqqi’nda tu’sinikberilgen, muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ni’n’ ka’siplik sheberliginde saz atqari’wshi’li’g’i’n worni’ ha’m woqi’wshi’larg’a qosi’q u’yretiwde ha’m nama ti’n’lati’wda saz a’sbaplari’ni’n’ a’hmiyeti haqqi’nda so’z yetilgen. Tiykarg’i’ bo’limnin’ II-babi’ da 3 bo’limnen iba’rat. Bul jerde baslawi’sh klasslarda saz a’sbaplari’ menen tani’sti’ri’w usi’llari’, duwtar saz a’sbapi’ni’n’ du’zilisi ha’m ses shi’g’ari’w texnikasi’ ha’m ja’ne saz a’sbaplari’nda muzi’kali’q ritm beriw usi’llari’ haqqi’nda so’z yetilgen.

Estetikali’q ta’rbiyani’n’ birden-bir tiykari’ boli’p sanali’wi’na woyi’n, drama, poeziya, oratorli’q wo’ner si’yaqli’ a’yyiem zamanlardan ali’ng’an astronomiya, fizika, matematika pa’nleri qatari’nda, grek ha’m Worayli’q Aziya ilimpazlari’nan Ploton, Aristotel, Pifagor, Al-Xorezmiy, Ibn Sino, Beruniy ha’m Dja’miler ta’repinen joqari’ bahalang’an muzi’ka ilimi insanlarg’a la’zzet ha’m zawi’q bag’i’shlaw menen birge, wolardi’ miynetke, yerlikke, azatli’q gu’reslerine ha’m baxi’tqa bag’darlawi’nda xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y ha’m go’zzalli’q jaqlari’n ta’rbiyalawg’a u’lken a’hmiyeti bar yekenligi xaqqi’ndag’i’ mag’li’wmatlar tariyxi’mi’zg’a ma’lim.

Na’reste du’nyag’a kelgennen baslap wol anasi’ni’n’ ha’yyiw qosi’g’i’n esitedi. Balani’n’ wo’sip rawajlani’wi’nda muzi’ka u’lken wori’ndi’ iyeleydi. Mi’sali’ wolardi’n’ woyi’nlari’ muzi’ka ha’m qosi’qlar menen baylani’sli’ («Man’lay shertpek», «Aq terekpe, ko’k terek», «Shag’ala» h.t.b.), u’lken adamlardi’n’ wo’mirinde de muzi’ka ha’m qosi’q kewil xoshli’qti’ ko’teriw ushi’n yamasa qanday da bir keypiyatti’ beriwde u’lken wori’ndi’ iyeleydi ha’m woni’ worni’n hesh qanday basqa na’rse basa almaydi’. Ha’tteki insan bul wo’mirden

ko’z jumg’anda da wog’an joqlaw ayti’ladi’. Demek joqari’da ayti’p wo’tilgenindey adam tuwi’lg’ani’nan baslap du’nyadan ko’z jumg’ani’nsha ol muzi’ka, qosi’q penen barabar qa’dem basa beredi eken. Sebebi adamnin’ ishki tuyg’i’lari’n, muhabbat sezimlerin, anag’a bolg’an muhabbati’n, Watang’a degen su’yispenshiligin, uli’wma insani’yli’q joqari’ sezimlerin, insan kewilinen shi’qqan qosi’qlari’ arqali’ jetkizip beriwi ha’m de qosi’qlar arqali’ ta’sirleniwi mu’mkin.

Adamzat payda bolg’anli’ beri bir neshe a’sirler wo’tedi ha’m soni’n’ menen birge bul iskustvoni’n’ tu’ri de wo’zgerip quramalasi’p, rawajlani’p, bayi’ti’li’p keledi. Lekin ko’plegen vokal muzi’kasi’ni’n’ eski formalari’ saqlani’p, olar ku’ndelikli turmi’sta qollani’p ha’r dayi’m wo’zlerinin’ wazi’ypasi’n atqari’p kelgen. Mi’sali’ ha’yyiw qosi’qlari’, xali’q qosi’qlari’, da’stu’riy qosi’qlar.

Qosi’q xali’qti’n’ ko’p a’sirlik ruwxi’y ma’deniyati’ni’n’ a’jayi’p g’a’ziynelerinin’ biri boli’wi’ menen birge, qaraqalpaq ko’rkem-wo’nerinde ju’da’ ken’ rawajlang’an belgili janrlardi’n’ qatari’nda barli’q waqi’tlarda adamzatti’n’ wo’mirinde, woy-wo’risinde, arzi’w-a’rmanlari’nda kewil xoshi’, miynette ilxamshi’si’ si’pati’nda xi’zmet atqari’w menen birge wo’zine ta’n bolg’an a’debiy muzi’kali’q tilde su’wretleniwi arqali’ adamlardi’n’ turmi’s ta’rizine u’lken ta’sir jasaydi’.

Usi’larg’a baylani’sli’ son’gi’ ji’llari’ g’a’rezsizlikke yerisiwimiz na’tiyjesinde jan’a Konstituciya, «Bilimlendiriw haqqi’ndag’i’ ni’zam», «Kadrlar tayarlaw» di’n’ milliy bag’darlamasi’, til ha’m a’debiyat ko’rkem-wo’nerimizdin’ koncepciyalari’na tiykarlana woti’ri’p terminkom ta’repinen xalqi’mi’zdi’n’ milliylikke bolg’an sana-sezimin, woy-wo’risin rawajlandi’ri’w maqsetinde turmi’si’mi’zdi’n’ miynet jemisleri salt-da’stu’rleri tariyxi’y wo’zgerisler, ilim, ma’deniyat ha’m ko’rkem-wo’ner tarawlari’ boyi’nsha jan’a so’zler ha’m tu’sinikler izlew milliy muzi’ka ma’deniyati’ndag’i’ jetiskenliklerdi sabaq bari’si’nda u’yreniw u’lken tabi’slardi’n’ biri boli’p qaralmaqta. Soni’n’ menen birge ha’zirgi ku’nde boli’p ati’rg’an wo’zgeris ha’m qubi’li’slardi’n’ qosi’q-muzi’ka sabaqlari’na, muzi’ka ilimine ha’m muzi’ka ko’rkem-wo’nerine de tikkeley qatnasi’qli’ boli’wi’ ayqi’n sezilmekte. Bunday wo’zgerisleri jo’ninde

Prezidentimiz I.A.Karimov wo’zinin’, «Ruwxi’yli’q insanni’n’, xali’qti’n’, ja’miyettin’, ma’mlekettin’ ku’sh-qu’direti»,-degen miynetinde.

«Ja’miyette joqari’ adamgershilikli pa’ziyletlerin jetilistiriw jaslari’mi’zg’a tariyxi’y, da’stu’rimizge, uli’wma adamgershilik qa’diriyatlari’na hu’rmet, Watang’a muhabbat, g’a’rezsizlik idealari’na sadi’qli’q ruwxi’nda ta’rbiyalaw, xali’qlar dosli’g’i’n ha’m tati’wli’g’i’n bekkemlew yelimizde ju’rgizilip ati’rg’an barli’q reformalardi’n’ ma’nilik wo’zegi boli’p tabi’ladi’»,-dep atap ko’rsetti. Shi’ni’nda da O’zbekistan wo’z g’a’rezsizligin alg’annan beri jaslardi’ a’dep-ikramli’qqa ta’rbiyalawda ata-babalari’mi’zdi’n’ na’siyatlari’nan, wa’siyatlari’nan, ko’rsetpelerinen paydalani’wg’a ken’ jol ashi’ldi’.

Solardi’n’ biri xali’qti’n’ ko’rkem-wo’ner do’retpeleri, a’sirese jas wo’spirimlerdi ruwxi’y a’dep-ikramli’ yetip ta’rbiyalawda xali’q milliy qosi’qlari’ni’n’ tutqan worni’ wog’ada ulli’.

Xali’q shadli’q qushag’i’nda bolsa, muzi’ka sazi’ da saltanatli’, quwani’shli’ boladi’. Qosi’q woni’ kewillendirip qa’demin ni’q basti’radi’. Ana qaza tapqan balasi’n joqlap aza tutsa, mun’li qosi’q qayg’i’ni’ ayti’p beriwge ja’rdemlesedi. Demek, muzi’ka adamni’n’ wo’mirinin’ joldasi’ ha’m woni’n’ menen birge ma’ngi jasaydi’.

Muzi’ka adam wo’mirine yengeni sonshelli, woni’ solay boli’wg’a tiyisli si’yaqli’ wo’zimiz woylani’p woti’rmay-aq hawa si’yaqli’ qabi’llanadi’. Adamlardi’n’ bir-birin jaqsi’ tu’siniwine ja’rdemlesetug’i’n qu’diretli ku’sh.

Muzi’kani’n’ ja’ne bir wo’zgesheligi wol adamlardi’n’ kewil jag’dayi’n wortaqlasti’ri’p wolardi’n’ arasi’ndag’i’ qari’m-qatnas qurali’ boli’p yesaplanadi’.

Bir adam du’n’yag’a a’kelgen muzi’kali’q shi’g’arma, yekinshi adamni’n’ ishki du’n’yasi’na qozg’aw sali’p qabi’llanadi’.

Adamni’n’ parasatli’ woyi’ menen teren’ sezim du’n’yasi’n su’wretleytug’i’n emotsiyali’q ta’sir tuwdi’ratug’i’n ko’rkem shi’g’armalar ishki du’n’ya estetikali’q jaqlari’n qozg’ap aylanadi’.

Muzi’kani’n’ u’shinshi wo’zgesheligi kompozitor O.Shastakovichtin’ ayti’wi’nsha «Wo’zinshellik a’jayip til ha’r ta’repleme qoni’mli’ ha’m bir qansha

i’rg’aqti’ baylani’sti’ra woti’ri’p, kompozitor wo’zinin’ sezim, do’geregine ko’z-qarasi’n bildiredi». Bunday shi’g’armalardi’ qabi’l alg’anlardi’n’ ba’ri solar arqali’ ruwxi’y jaqtan bayi’ydi’. Al, biraq muzi’ka ti’n’lawshi’lardi’n’ ba’rine birdey ku’sh penen ta’sir yeteme**?**

A’lebette, birdey ta’sir yetpeydi. Bul woni’n’ bir wo’zgesheligi ha’r adam muzi’kag’a wo’zinshe i’qlasli’, woni’n’ menen ha’weslenedi, wol muzi’ka janri’ni’n’ qaysi’ birewine, wo’zi unatqan kompozitori’na ti’n’lawdag’i’ belgili ta’jiriybesine sa’ykes jeke bir shi’g’armasi’na arti’g’i’raq kewil qoyadi’.

Qaraqalpaq milliy qosi’qlari’mi’z ha’m woyi’nlari’mi’z keleshek a’wladti’ wo’zinin’ jasap turg’an wortali’g’i’na mu’na’sip ruwxi’y salamat a’wlad, haqi’yqi’y insan boli’p jetilisiwinde u’lken ro’l woynaydi’. Wolardi’n’ ta’rbiyali’q ku’shi haqqi’nda pedagoglar, ag’arti’wshi’lar a’sirler boyi’ ji’rlap kelgen.

Ta’rbiya u’zliksiz, tariyxi’y xarakterge iye boli’p, ja’miyetti, insanni’n’ rawajlani’wi’ menen ti’g’i’z baylani’sli’ boladi’.

## I – bap

### 1.1. Xali’q saz a’sbaplari’ haqqi’nda tu’sinik

Saz a’sbaplari’ qalay payda bolg’an? Sazdi’n’ ku’sh-qu’direti.

Saz-sa’wbet, qosi’q, «muzi’ka» ti’n’law ju’da’ a’yyemgi da’wirlerde, jer betinde tirishilik payda boli’wi’ menen bir qatarda kelip shi’qqan. Aradan bir neshe mi’n’ ji’llardi’n’ wo’tiwi menen adamzat aqi’li’ni’n’, sana-seziminin’ rawajlani’wi’na baylani’sli’ ku’n-ko’ris maqsetinde, wolar an’ awlaw ushi’n qatti’ kerilip tarti’latug’i’n ha’r qi’yli’ aw-duzaq sabaqlari’n, woq jaylardi’ woylap tapqan.

Woqjayg’a kernep tarti’lg’an jiplerden qanday da bir jag’i’mli’ ses shi’g’atug’i’nli’g’i’n an’lag’an, wonnan ti’sqari’ taw ji’ralari’nda, taw u’ngirlerinin’ qasi’nda turi’p, qatti’ baqi’rg’an waqi’tta, tawlardag’i’ ji’ra ha’m saylardan, u’ngirlerden adamlardi’n’ dawi’si’na uqsas ses qayta jan’g’i’ri’p shi’g’atug’i’nli’g’i’ belgili bola baslag’an. Haqi’yqati’nda da yeski ag’ash gu’ze, gu’bi, shelek, tas gu’zelerdin’ awzi’na jaqi’n bir qi’ya baqi’rsan’, woni’n’ izin ala sol jerden wo’zinin’ dawsi’n aytqalani’p jan’g’i’radi’. Bunday sesler rezonans, bizin’she aytqanda, qayta jan’g’i’ri’w qubi’li’si’ dep ataladi’.

A’ne, usi’nday seslerdin’ qaysi’nday qaytalanatug’i’nli’g’i’n biliwge qi’zi’qqan adamlar, sesti qaytalaytug’i’n ishi quwi’s a’sbaplardi’ i’laydan, ag’ashtan, qami’s, quwran kendir ha’m basqa da wo’zegi gewek zatlardan sog’i’p ko’rgen, solay yetip adamlar bir neshe mi’n’ ji’llardi’n’ wo’tiwi menen wo’z a’rmanlari’n is ju’zine asi’ra baslag’an. Aqi’r-ayag’i’nda wolar jin’ishke jipti «quwi’sli’q» betine qatti’ kernep tarti’p a’sbap islegen, wolardi’ u’plep ko’riw arqali’ qanday da bir si’yqi’rli’ sestin’, jag’i’mli’ a’jayip hawazdi’n’ payda bolatug’i’nli’g’i’n ani’qlag’an. Adamlar ko’p izleniwlerden keyin qami’s buwi’ni’nan si’rnayg’a usag’an, i’laydan u’shpelek balaman si’yaqli’ ses shi’g’aratug’i’n qurallar islegen, keyin ala ag’ashlardi’ woyi’p ha’m i’laydan da solarg’a usag’an a’sbaplar islep, wolardi’ quyashqa, wotta keptirgen. Sol a’sbaplardag’i’ quwi’sli’qti’n’ ashi’q turg’an jerine jin’ishke sabaqlardi’ kesesine tartqan, kernelgen jipte qol menen qozg’ap jiberse ses shi’g’aratug’i’nli’g’i’n

sezgen, sonday-aq qabaqlardi’n’ jin’ishke jerinen kesesine kesip, bug’anda jip kernep tarti’p ko’rse, wolardan da qulaqqa jag’i’mli’ ja’ne de ani’g’i’raq ses shi’g’aratug’i’nli’g’i’na aqi’li’ ali’sa baslag’an. Usi’nday jollar menen bir neshe ma’rtebe qayta sog’i’w, qayttan du’zetiw na’tiyjesinde ha’zirgisine birqansha uqsas qulaqqa jag’i’mli’ hawaz shi’g’aratug’i’n saz a’sbaplari’n jarati’wg’a yerisken.

XVII-a’sirde jasag’an muzi’ka izertlewshisi Darvish Aliydin’ ayti’wi’na qarag’anda bir tu’rli tamburg’a iye bolg’an qobi’z ku’ta’ a’yyemgi saz a’sbapi’. Woni’ «muzi’kani’n’ teoriyasi’n jaqsi’ u’yrenip alg’an XIV-a’sirdin’ belgili sa’zendesi Sultan Uvaysti’n’ zamani’nda qollandi’»-dep ko’rsetedi.

Qaraqalpaq ji’rawlari’nda bul a’sbap haqqi’nda mi’naday an’i’zlar saqlang’an. Yesemurat ji’raw menen Qi’yas ji’raw bi’lay deydi’ qobi’zdi’n’ piri Qorqi’t ata ha’m Diywanayi’ buri’q dep yesitemiz. Bizlerden buri’ng’i’ wo’tken ji’rawlar bi’lay dep a’psana qi’latug’i’n yedi. Qorqi’t ata ag’ashtan qobi’z islep saz shertiwdi a’rman yetipti. Ko’p ag’ashlardi’ joni’p ha’lek bolsa da, islegen qobi’zi’nan na’tiyje shi’g’ara almapti’. Qorqi’t atani’n’ qobi’z joni’p woti’rg’ani’n shaytanlar ko’rip, Qorqi’t atadan qobi’zi’n’di’ ko’rset dese, Qorqi’t ata shaytanlardan qobi’zi’n jasi’ri’pti’. Wonnan keyin Qorqi’t ata tog’aydan shi’g’i’p ketetug’i’n kisige uqsap jasi’ri’ni’p bari’p, yekinshi joldan buqqi’shlap bari’p, shaytanlardi’n’ so’zin ti’n’lapti’. Shaytanlar Qorqi’t ata tuwrali’ bi’lay dep woti’r yeken «Qorqi’t ata ku’ta’ a’jayip isti baslag’an yeken, biraq aqi’ri’na jetkere almapti’. Yegerde tog’aydag’i’ don’i’z su’ykenip quwrag’an jigildik jiydenin’ ag’ashi’nan qobi’zdi’ jonsa, wonnan tostag’an shi’g’arsa, woni’n’ tostag’ani’n baqi’rawi’q tu’yenin’ bas terisi menen qaplasa, wog’an kisnewik atti’n’ quyri’g’i’nan ali’p qi’l taqsa, qumlaqta, tawda wo’setug’i’n sasi’q quraydi’n’ shiresinen (shayi’ri’nan) jaqsa, qi’ldi’n’ asti’nan ko’terip turatug’i’n qabaqtan joni’p tiyek salsa, ju’da’ shi’qqi’sh a’sbap bolg’an bolar yedi». Qorqi’t ata shaytanlardi’n’ bul so’zin yesitip izine g’i’rra qayti’p, shaytanlardi’n’ aytqani’nday yetip qobi’zi’n islegen yeken, tu’rli namag’a shertiletug’i’n saz a’sbapi’, ju’da’

jaqsi' qobi'z boli'pti'. Qorqi't ata qobi'zdi' ha'r tu'rli namag'a sali'p shertip ju're beripti mine sol yeken Qorqi't ata qobi'zdi'n' piri boli'pti'...».

**U'plep shertetug'i'n saz a'sbaplar.**

U'plep shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari'na – nay, kishi nay, qosnay, si'rnay, kerek jerinde karnaylar da qosi'ladi'.

**Nay** – shi'g'i'sti'n' a'piwayi' fleytasi'ni'n' tu'ri. Nay ha'm surnay saz a'sbaplari' bir qansha jetilistirip, qayta islenip (yag'ni'y rekonstrukciya islenip) wolardi'n' tiykari'nda kishi nay (pikkolo) joqari' ba'lent dawi'sqa, seske iye saz a'sbapi' islep shi'g'i'ldi'. Nay a'sbapi'ni'n' nag'i'z wo'zi, biraq ko'lemi biraz kishi ba'lent seslerdi ali'wda ju'da' kerekli a'sbap. U'plep shertiletug'i'n saz a'sbaplari'ni'n' birdey sazlani'wi', applikaturasi' ha'm texnikali'q jaqtan atqari'w mu'mkinshiligi ken'eytilip islendi. Biraq toli'g'i' menen ko'p wo'zgeriske ushi'ramay rekonstrukciya islendi.

U'plep shertiletug'i'n muzi'ka a'sbaplari'ni'n' (topari'ni'n') dawi's diapozoni' 1-(birinshi) oktava **«do»** notasi'nan 4-(to'rtinshi) oktavani'n' **«sol, lya»** notalari'na deyin jetkerildi. Texnikali'q jaqtan atqari'li'w mu'mkinshiligi basi'mlari' kishi nay (pikkolo) ha'm nay a'sbaplari' boli'p tabi'ladi'. Al, qoshnay, surnay, balaman, karnay a'sbaplari' – nay, kishi nay a'sbaplari'na qarag'anda texnikali'q jaqtan atqari'w mu'mkinshilikleri biraz to'men turadi'.

**Karnay** – mi'stan islengen demli (u'plep shertetug'i'n) a'sbap boli'p, uzi'nli'g'i' 2 m ha'm wonnan da uzi'n boli'wi' mu'mkin. Woni'n' ali'nbali'-sali'nbali' (ji'ynalmali') tu'rleri de bar. Ali'p ju'riwge won'ay boli'wi' ushi'n 3 bo'lekke bo'linedi. Karnayda barmaqlar menen basi'latug'i'n tesikler bolmaydi'.

Ku'skli ha'm juwan sesli bolg'anli'g'i' ushi'n, ko'binese «jar sali'w» xi'zmetin atqarg'an. Ansambl qurami'nda shadli'q sezimlerin woyatadi'.

**Si'rnay** (wo'zbekshe – surnay) – yerik yamasa g'oza ag'ashi'nan woyi'p islenedi. U'sti betinde 7, asti' betinde 1 dana tesikshesi bar. Si'rnayda ayaq-woyi'n namalari', xali'q arasi'nda ken' taralg'an belgili qosi'qlardi'n' namalari' ha'm de maqomlardi'n' «surnay jollari'» woynaladi'. Ansambl qurami'nda da si'rnay namani'n' basli' jerlerin shertedi.

**Si’bi’zg’i’** (wo’zbekshe – sibiziq) – a’piwayi’ qami’stan islengen demli a’sbap. U’pleytug’i’n ta’repinen juqa tilshe tilingen ha’m u’sti ta’repinen barmaq basatug’i’n 3 dana tesikshe woyi’lg’an boladi’.

**Balaman** – tut ag’ashi’nan islengen ha’m si’rnayg’a uqsas saz a’sbapi’. Biraq si’rnaydan kishirek, u’pleytug’i’n jeri si’bi’zg’i’g’a uqsap tilsheli boli’p keledi.

**Shi’nqobi’z** - ilimiy ati’ «Vorgan». Bul a’sbap ko’binese hayal-qi’zlardi’n’ wog’ada su’yikli saz a’sbapi’ boli’p woni’ toy-mereke ha’m ko’pshilik ji’yi’lg’an jerlerde shertetug’i’n bolg’an. Wolar shi’nqobi’zdi’ shertip, wo’z-ara jari’slarg’a qatnasqan. Qi’zlar shi’nqobi’zdi’n’ na’zik tarlari’n ju’rketi terbetetug’i’n nag’i’sli’ namalari’n wo’zlerinin’ repertuari’na aylandi’rg’an.

Shi’nqobi’z ku’ta’ kishkene, i’qsham miniatyurali’ saz a’sbapi’ boli’p, temirden islenedi, woni’n’ formasi’ iskusstvoni’n’ emblemali’q belgisi bolg’an – lirag’a uqsas boli’p keledi. Lirag’a uqsap iymeyip kelgen qoshqar mu’yezli temirdin’ worayi’na juqa qayi’sqaq polat til wornati’ladi’. Shi’nqobi’zdi’ yeki jaq tistin’ arasi’na qi’si’p til ha’reketinin’ ja’rdemi menen ha’m de baldag’i’n shep qoli’ menen shi’nqobi’zdi’n’ tilin qag’i’p turi’p, u’plew arqali’ shertiledi. Woni’n’ dawi’si’ ku’ta’ jag’i’mli’ boli’p, wo’zine ta’n ayri’qsha tembrge iye.

Shi’nqobi’zdi’n’ wo’z aldi’na shertiletug’i’n namalari’ boladi’. Wolar turmi’sta ushi’rasatug’i’n ayi’ri’m ko’rinislerdi obrazli’ tu’rde su’wretlewden ibarat. Wolardan «Qara jorg’a», «Ala jorg’a», «Yeskek yesiw», «Si’n’si’w», «Qi’z uzati’w», «Jetim qi’z», «G’az g’an’qi’ldi’si’», «A’tsho’k» ha’m tag’i basqa namalar qi’zi’g’i’wshi’li’q penen shertilip kelingen. Soni’n’ menen qatar shi’nqobi’z a’sbapi’ Shi’g’i’s xali’qlari’ni’n’ ko’pshiliginde, qalmaq ha’m bolgar, tu’rkmen ha’m tag’i’ basqa xali’qlarda da ushi’rasadi’. Shi’nqobi’zdi’ tekstsiz, tek g’ana namani’ shertip kelgen.

**Tarli’ uri’p ha’m ilip shertetug’i’n saz a’sbaplar.**

Tarli’-uri’p shertiletug’i’n saz a’sbaplar topari’na I ha’m II chang a’sbaplar kiredi.

**Chang-** Belorus saz a’sbapi’ cimbolinag’a uqsas boli’p, bambuk ag’ashtan islengen tayaqsha menen tarlarg’a uri’p shertetug’i’n wo’zbek saz a’sbapi’

qatari’na jatadi’. Wol yeki yari’m oktava arali’g’i’ndag’i’ dawi’s (diapazoni’na) iye. Wo’zbek xali’q saz a’sbaplari’n rekonstrukciyalawshi’ eksperimental laboratoriyada changnin’ jan’a tu’ri payda boli’p, woni’n’ dawi’s diapazoni’ u’sh yari’m oktavani’ quraydi’ ha’m de barli’q registrlerden birgelikli dawi’s shig’ari’wg’a boladi’.

Chang a’sbapi’nda muzi’kali’q shi’g’armalardi’ texnikali’q jaqtan shertiwge ju’da’ qolayli’. Wonda qa’legen intervallardi’ (sektakkordlardi’) ha’r tu’rli aylani’stag’i’ u’sh sesliklerdi, sonday-aq qos notali’ passajlardi’, jag’i’mli’ yetip atqari’w mu’mkinshiligine iye.

Ilip shertiletug’i’n (mediator ha’m barmaqlar ja’rdeminde) sazlar topari’ yen’ u’lken topar boli’p yesaplanadi’. Wog’an prima rubablari’, qashqar rubablari’, afgan rubablari’, duwtarlar, duwtar-baslar, duwtar-kontrabaslar kiredi ha’m wo’z aldi’na bo’lek qatarlarg’a jazi’ladi’.

**Duwtar -** yeki tarli’ saz a’sbapi’ boli’p tut, yerik yamasa g’oza ag’ashlari’nan tayarlanadi’. Woni’n’ kesesi «Qaburg’ash» bir-birine jaqi’n juqa taxtaydan jelimlenip islenedi, ag’ashtan woyma yetip te islenedi. Kesesi u’stine juqa taxtaydan islengen qaqpag’i’, tiyegi boladi’. Kesesinin’ u’stine 7,0-7,5 diametrge shekem bolg’an da’ste bekitilip 13-14-perde jipek perdeler baylanadi’. Ha’r perdenin’ aralari’na arnawli’ su’yekten islengen qi’yaqshalar jabi’sti’ri’p qoyi’ladi’. Duwtardi’n’ jipekten tag’i’lg’an yeki tari’ shertiletug’i’n sazg’a, muzi’kag’a qaray bas perde (kvinta), worta perde (kvartag’a), qos tari’ (prima yamasa oktavag’a) sazlani’wi’ mu’mkin. Duwtar xromatikali’q qa’siyetke iye boli’p, ses qatarlari’ xali’q namalari’ menen bir qatarda maqom, shashmaqom jollari’na shertiw imkaniyati’na iye.

**Rubab** – 4-tarli’, kvartalar boyi’nsha sazlanadi’. Wol Aziya xali’qlari’ni’n’ ko’pshiligine taralg’an (wo’zbekshe – rubab, ta’jikshe – rubob, qi’taysha – lavabo).

**Qashqar rubabi’ -** mediyator menen shertiletug’i’n tarli’ saz a’sbaplardi’n’ biri. Wol tut ag’ashtan sog’i’li’p, da’stesinin’ to’mengi betine sho’mishke uqsas qoshqardi’n’ shaqi’nday iyemek ta’rizli boli’p da’stesinin’ uzi’nli’g’i’ (80 sm) den

turadi’. Woni’n’ woyi’lg’an kesasi’na teri qaplani’p 19-dan zi’yati’raq perdelerden turadi’.

Qashqar rubabi’nda bes tar boli’p woni’n’ birinshi ha’m yekinshi tarlari’ birinshi oktavani’n’ lya sestine, al u’shinshi ha’m to’rtinshi tarlari’ birinshi oktavani’n’ mi sestine, besinshi tari’ bolsa kishi oktavani’n’ si sesine kvarta intervali’na sazlanadi’. Rubabti’n’ dawi’s ko’lemi u’lken oktavani’n’ si sesinen ha’m yekinshi oktavani’n’ si-bemol sesi arali’g’i’nda boli’p woni’n’ notalari’ yesitilgeninen bir oktava joqari’ jazi’ladi’. Rubab wo’zbek xali’q sazlari’ orkestrinde basqa saz a’sbaplari’ qatari’nda basli’ roldi atqaradi’. Bunnan basqa rubablar shan’arag’i’na kiretug’i’n rubab prima degen a’sbapta bar. Bul rubabti’n’ sazlani’wi’ g’idjak si’yaqli’ mi, lya, re, sol seslerine sazlanadi’. Woni’n’ dawi’s diapazoni’ g’idjakti’n’ dawi’s diapazoni’na jaqi’n keledi.

**Avgan rubabi’** - Worta Aziya xali’qlari’ arasi’nda ken’ tarqalg’an muzi’kali’q a’spablardi’n’ birinen boli’p sanaladi’. Wol a’sirese ta’jik xalqi’nda ushi’rasadi’. Ha’zirgi waqi’tta avgan rubabi’ qaytadan islenip, xali’q sazlari’ orkestirine kiritildi. Woni’n’ sesti a’piwayi’ ha’m jumsaq yesitiledi. Wonda atqari’latug’i’n muzi’kalardi’ ti’n’lag’ani’mi’zda tawlardi’n’ u’stinde jatqan qarlar yelesleydi. Avgan saz a’sbapi’ mediator menen shertiledi. Woni’n’ bes tari’ boladi’ - yeki jup, birewi taq tar boladi’.

**Konun -** saz a’sbapi’ bir qatar shi’g’i’s ma’mleketlerinde ken’ tarqalg’an tarli’ chang a’sbapi’ uqsas boli’p keledi. Ag’ashtan islengen qaqpag’i’ni’n’ ayri’m jerleri teri menen qaplang’an boladi’. Qaqpag’i’ni’n’ u’stine tiyek wornati’ladi’ ha’m wog’an u’shewden 24 ke shekem ishek tar baylanadi’.

Bul a’sbap u’sh oktavadan zi’yat boli’p tarlari’n barmaqqa kiyilgen woymaqqa usag’an (naxun) menen qag’i’p shertiledi. A’sbapti’n’ tarlari’n sazlaw ushi’n arnawli’ tu’rde instrument penen tawlap a’ste yari’m ton, bir ton, bir yari’m ton usi’li’ menen sazlaydi’. Uzi’nli’g’i’ 800-900 mm, yeni 380-400 mm bolg’an bul a’sbapti’ sa’zende dizesinin’ u’stine arnawli’ tuyaqqa qoyi’p shetiledi. Ha’zirgi da’wirde bul saz a’sbap xali’q qosi’qlari’n, namalari’n ha’m de maqom shi’g’armalari’n atqari’p kelmekte.

**Duwtar -** Worta Aziya xali'qlari' arasi'nda soni'n' ishinde Wo'zbek xalqi'nda ken' tarali'p, massali'q tu's ali'p ketken, ju'da' suli'w dawi'sli', sesti gu'mbirlep shi'g'atug'i'n muzi'kali'q saz a'sbaplari'ni'n' biri. Qobi'zdi' tek g'ana ji'rawlar shertken bolsa, duwtardi' ko'pshilik baqsi'lar, sa'zendeler ha'm muzi'kag'a uqi'bi' bar adamlarda shertken. Wo'zbek ha'm Tu'rkmen xali'q muzi'kasi'n toplag'an ha'm izertlegen folklorshi' V.A.Uspenskiy ha'm V.M.Belyaevlar duwtardi'n' kelip shi'g'i'wi' haqqi'nda ayri'm an'i'zlardi' keltiredi. Wolardi'n' ayti'wi'nsha, bizin' da'wirimizden (eramizdan) buri'n V-VI-a'sirlerde jasag'an Muxammed payg'ambardi'n' dosti' ha'zireti A'liyler zamani'nan bizge kelip jetken dep da'lilleydi.

Duwtar so'zi parsi' tilinen - duw-yeki, tar-si'm degen ma'nini bildiredi. O'zbekistanda duwtardi'n' yeki tu'ri ushi'rasadi'. Birinshisi qurama duwtar, yekinshisi qazba duwtar. Qazba yamasa woyma duwtar pu'tin tut ha'm yerik ag'ashi'nan sog'i'ladi'. Qurama duwtar qawi'nni'n' tiligine uqsas tut ag'ashlari'n jelim menen kleylep biriktiriw arqali' sog'i'ladi'.

Duwtardi'n' pishimi (formasi') almurtqa uqsas boli'p keledi. Duwtardi'n' beti (dekasi') tut yamasa jiyde ag'ashi'nan islengen boladi'.

Betinde ses shi'g'aratug'i'n tesikler boladi'. Da'ste jelim menen gewdege bekitiledi. Da'stede 14-15 perde baylang'an boladi'. Gewdenin' to'mengi jag'i'nda tarlardi' ildiretug'i'n ilmekler arqali' tarlar da'stenin' basi'ndag'i' yeki qulaqqa tarti'li'p sazlanadi'. Qaqpaqti'n' u'stinde tarlardi' tiyek ko'terip turadi'. Tarlar sa'zendenin' won' qoli'ni'n' da'sti menen terbeliske keltirilip ses beredi. Tarlardi'n' terbelisi tiyek arqali' qaqpaqqa wo'tedi. Qaqpaqti'n' terbelisi duwtardi'n' quwi'sli'g'i'nda gu'n'irenip ku'sheyedi.

Duwtardi'n' ses ko'lemi bir yari'm oktavag'a shamalas boladi'. Qaraqalpaq milliy duwtari'nda aydi'n' perde ha'm shi'rwan perdeler boladi'. Qaraqalpaq milliy muzi'kasi'ni'n' ladli'q quri'li'si'na baylani'sli' duwtardi' shertiw texnikasi' joqari' boladi', wonda ko'plegen melizmler. Bezewler shep qol menen ali'natug'i'n forshlaglar ko'p qollani'ladi'.

1955-ji’llardan baslap duwtar qaytadan islendi. Soni’n’ na’tiyjesinde woni’n’ ses ko’lemi ken’eydi, sesti ku’sheydi ha’m woni’n’ atqari’w texnikasi’ artti’, duwtar ansambli du’zildi, topari’ payda boldi’. Wol xali’q sazlari’ orkestri qurami’na kirgizilip, nota menen qa’legen muzi’kani’ yemin-yerkin atqara alatug’i’n boldi’.

**Tanbur -** wo’zbek xali’q saz a’sbaplari’ni’n’ biri. Maqom joli’na ha’m xali’q arali’q qosi’qlari’n atqari’wshi’g’a yerip shertip ushi’n akkoponement wazi’ypasi’n atqari’wda u’lken a’hmiyetke iye. Tanburda to’rt tar boli’p, birinshi-yekinshi ha’m to’rtinshi tarlari’ bir dawi’sqa, al u’shinshi tar bolsa bes basqi’sh pa’stegi dawi’sqa sazlanadi’. Diapazoni’ u’lken oktavani’n’ «do» sesinen baslap birinshi oktavani’n’ «sol» sestin wo’z ishine aladi’. Tanburdi’n’ notalari’ yesitiliwi boyi’nsha bir oktava joqari’ jazi’ladi’.

**Ud** – tarli’-ti’rnamali’ sazlardi’n’ yen’ yeskilerinen biri boli’p yesaplanadi’. Wol tanbur ha’m duwtardan wo’zinin’ almurt ta’rizli u’lken shanag’i’ ha’m perde baylanbag’an kelte da’stesi menen ayi’ri’li’p turadi’. Ud sazi’nda 11 tar boli’p, wolardi’n’ besewi juplasi’p kelse, birewi to’mengi juwan ses worni’nda qollani’ladi’.

### Uri’p shertetug’i’n saz a’sbaplar.

Uri’p shertiletug’i’n xali’q saz a’sbaplar topari’na da’p, nag’ara, qayraq, safoyil si’yaqli’ xali’q sazlari’ kiredi.

**Da’p** (wo’zbekshe – doyra yaki childirma) – qag’i’p shertetug’i’n a’sbapti’n’ ga’rdishi (do’n’gelegi) ju’zim, yerik yaki g’oza ag’ashlari’nan islenip, bir ta’repinen buzaw (yaki kiyik, yeshki) terisi menen qaplanadi’. Do’n’geleginin’ ishki ta’repine 40 tan aslam temir shi’n’ldawi’qlar tag’i’ladi’. Da’ptin’ ga’rdishine jaqi’n jerden qaqqanda payda bolg’an ses «bak» (yaki «taq»), woni’n’ worta jerinen qaqqanda payda bolg’an ses «bum» (yaki «gup») dep ju’ritiledi.

**Da’p -** O’zbekistanda ken’ tarqalg’an milliy saz a’sbapi’. Bul a’sbap ko’p qi’rrali’ tembrge, ritmlerge ha’m dinamikali’q imkaniyatlarg’a iye. Sa’zende da’pte atqarg’anda yeki qoldi’n’ barli’q barmaqlari’ menen qag’i’w arqali’ atqaradi’. Da’p atqari’wshi’li’g’i’nda tembr ha’m dinamikali’q dawi’s effektleri

a’hmiyetli wori’ndi’ tutadi’. Bunday tembr ha’m dinamikali’q dawi’s effektlerdi ha’r qi’yli’ usi’llarda atqari’w ushi’n a’piwayi’ nota belgilerinen paydalanami’z. Da’p partiyalari’ won’ qol ushi’n yekew, shep qol ushi’n yeki nota si’zi’qlari’nda jazi’ladi’. Wolardi’ akkolada si’zi’g’i’ menen biriktiremiz.

Notadan basqada qosi’msha belgiler arqali’ da da’p a’sbapi’ni’n’ tembri ha’m dawi’s effektlerinin’ mu’mkinshilikleri ku’sheyedi.

**Nag’ara** (wo’zbekshe – Nag’ora) – i’laydan tu’bekke uqsati’p islenedi ha’m jaqsi’lap wotta pisiriledi. Shanag’i’ kiyik (yamasa basqa haywan) terisi menen qaplanadi’. Nag’aralar gewdesine qaray u’lken (dul nag’ara), wortasha (kus nag’ara) ha’m kishi (rez nag’ara) si’yaqli’ tu’rlerge bo’linedi. A’dette, kus ha’m rez nag’aralar bir-birine qosi’p baylani’p, qosnag’ara (qo’shnag’ora) tu’rinde toy ha’m basqa da xali’qli’q toy-merekelerde shertiledi.

### Tarli’ tartqi’shli’ saz a’sbaplar.

Tarli’-tartqi’shli’ a’sbaplari’ topari’na Sato, I’, I’I’ Girjekler, Girjek – alt, Qobi’z – bas, Qobi’z – kontrabaslar kiredi.

**Sato –** tartqi’sh penen jertiletug’i’n saz a’sbaplari’ arasi’nda ko’lemi bir qansha u’lken bolg’an tu’ri menen aji’rali’p turadi’. Da’stesi uzi’n yeki yari’m oktavag’a shekem boli’p, perdeleri diatonikali’q dawi’sqa iye. Si’rtqi’ ko’rinisi boyi’nsha tanburg’a usap ketedi. Bul a’sbapti’ ayi’ri’m jag’daylarda tanburdi’n’ worni’na tartqi’sh penen de shertedi. Satoni’n’ tiykarg’i’ u’sh-to’rt tari’ tanburdag’i’day kvarta ha’m kvintag’a sazlanadi’.

Da’stenin’ qulag’i’na baylang’an tarlar 6-8-den ibarat boli’p wolar jag’i’mli’ seslerdi payda yetedi. Satoda glissando, forshlag, mordent ha’m melizm qusag’an muzi’kali’q bezewler ko’plep ushi’rasadi’.

**Girjek –** tarli’ saz a’sbaplari’ qatari’nan a’hmiyetli wori’ng’a iye a’sbaplardi’n’ biri. Girjekler - wo’zbek, tu’rkmen, ta’jik, a’zerayjan, armiyan ha’m tag’i’ basqa xali’qlar arasi’nda ken’ tarqalg’an tartqi’shli’ muzi’kali’q a’sbap. Girjek qaraqalpaqlar arasi’nda tek te baqsi’larg’a qosi’li’p «janapayshi’» retinde qollani’li’p keldi. Qarqalpaq girjeginde basqa xali’qlardi’n’ girjegi si’yaqli’ u’sh tar tarti’ladi’, woni’n’ u’stingi yeki tari’ bir seske, al to’mengi bir tari’ bolsa wo’z

aldi’na ayri’qsha roldi atqari’p, namani’n’ barli’q jo’nelisi woni’n’ menen shertiledi.

Quri’li’si’ boyi’nsha girjek negizinen yeki bo’lekten turadi’. Qabaqtan yamasa ag’ashtan islengen gewdesi ha’m da’stesi. Girjektin’ gewdesi domalaq boli’p, kokos g’ozasi’nan, suw qabaqtan ha’m tut yamasa jiyde ag’ashi’nan islenedi. Qabaqti’n’ bir qaptali’ ashi’q boli’p, woni’n’ beti i’laqa bali’qti’n’ terisi yamasa maldi’n’ ju’rek perdesi menen qaplanadi’. Girjektin’ da’stesindegi u’sh qulag’i’ si’mlarda turadi’. Tarlar tartqi’sh arqali’ terbeliske keltiriledi. Girejektin’ tartqi’shi’ da qobi’zdi’n’ tartqi’shi’na uqsas boladi’, biraq tarti’lg’an qi’l jin’ishkelew boli’p keledi. Girjek qulaqlardi’ buraw arqali’ sazlanadi’. Girjektin’ tarlari’ duwtardi’n’ tarlari’na u’nles boli’p sazlanadi’.

Girjektin’ birinshi tari’ duwtardi’n’ birinshi tari’ndag’i’ besinshi perdesine u’nles boladi’, yekinshi tari’ duwtardi’n’ birinshi tari’na u’nles boladi’, u’shinshi tari’ duwtardi’n’ yekinshi tari’na u’nles sazlanadi’. Biraq girjektin’ tarlari’ duwtardi’n’ tarlari’na bir oktava joqari’ ses beredi.

Bunday yetip sazlaw atqari’wshi’g’a girjekti shertkende duwtarg’a qosi’p shertiwge an’sat boladi’ ha’m duwtar menen ansambl’ du’zilip, nama gu’n’irenip shi’g’adi’. Gijrektin’ ses ko’lemi yeki oktava arali’g’i’nda boladi’. 1955-ji’llari’ girjek qaytadan sog’i’li’p, woni’n’ tari’ to’rtew boldi’, gewdesi u’lkeyttirilip, sesti ku’sheydi, texnikali’q mu’mkinshilikleri artti’ ha’m girjektin’ topari’ payda boldi’. Solay yetip, girjek janapayshi’ a’sbapta jeke atqari’wshi’ a’sbaplar qatari’nan wori’n aldi’.

**Qobi’z** – qaraqalpaqsha qobi’z si’rtqi’ ko’rinisine qaray yeki tu’rge bo’linedi. Biri – da’stesi menen shanag’i’ bir tutas joni’p islengen tu’ri. Da’stesi menen shanag’i’ bo’lek sog’i’li’p, bir-birine kiygizilip shertiletug’i’n yekinshi tu’ri qurama qobi’z jiyi gezlesedi.

Qaraqalpaqshqa qobi’zdi’n’ tembri de ayri’qsha boli’p keledi. Ataqli’ ji’rawlar nag’i’z qaraqalpaq qobi’zi’n g’azdi’n’ dawi’sina megzetedi. Qaraqalpaq shayi’ri’ Ibrayi’m Yusupov ta wo’zinin’ «Qobi’z» atli’ qosi’g’i’nda:

Qaytqan g’azday g’an’qi’ldag’an u’nin’e,

Shadli’q quyg’an jan’a turmi’s du’nyasi’, - dep ta’riplegen yedi.

**Qobi’zdi’n’ du’zilisi:**

1. Basi’ – yeki qulaq jaylasatug’i’n jer;

2. Sabi’ – yeki tar wo’tip, barmaq basatug’i’n jeri;

3. Shanag’i’ – ses shi’g’aratug’i’n, ishi quwi’s gewdesi;

4. Quyri’g’i’ – shanaqti’n’ teri menen qaplang’an bo’legi. Wol ji’rawlar tilinde bo’ri tumsi’q yamasa qus tumsi’q dep ataladi’;

5. Tiyek – shanaqti’n’ teri menen qaplang’an bo’legi ustinde jaylasqan, yeki tardi’ ko’terip turatug’i’n bir bo’lek suwqabaq pa’rshesi;

6. Tartqi’sh – qobi’z tarlari’na kese ju’rgizilip ses shi’g’aratug’i’n, qi’l tarti’lg’an shi’bi’q (ka’mansha).

## 1.2. Muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ni’n’ ka’siplik sheberliginde saz atqari’wshi’li’g’i’ni’n’ worni’.

Muzi’ka ma’deniyati’ pa’ni a’meliy sabaqlardan bolg’ani’ ushi’n yen’ u’lken promlema bul uli’wma worta ta’lim mekteplerinde muzi’kali’q a’sbaplardi’n’ joqli’g’i’ ha’m texnikali’q buyi’mlardi’n’ jetispewshiligi dep woylayman.

«Mi’n’ ma’rte yesitkennen, bir ma’rte ko’rgen jaqsi’» dep aytqan dana xalqi’mi’z. Bul pikirdi ayti’wi’mnan maqset, biz woqi’ti’wshi’larg’a a’sbap, televizor, DVD pleyer, klass fonetikasi’nda sabaqqa baylani’sli’ audio ha’m video ko’rinisler, AKTlar bar bolsa g’ana sabaq samara beriwi mu’mkin. Sebebi muzi’ka ti’n’law, ko’pshilik boli’p qosi’q ayti’w, temag’a baylani’sli’ muzi’kali’q jo’nelislerdi woqi’wshi’lar wo’z ko’zleri menen ko’rip, ti’n’lasa, ja’ne de sabaq tu’sinikli ha’m qi’zi’qarli’ boladi’, ha’m de woqi’wshi’lar an’i’na tezirek jetip baradi’ dep woylayman. Muzi’ka ma’deniyati’ woqi’wshi’lar ta’rbiyasi’ndag’i’ ten’salmaqli’qti’, an’i’n, sadi’qli’g’i’n, ata-anag’a, Watang’a, ta’biyatqa bolg’an hu’rmetin, sheksiz muhabbati’n ta’rbiyalawshi’ qural boli’p yesaplanadi’. Sol sebepten muzi’ka pa’nine itibarli’raq boli’wi’mi’z kerek dep woylayman.

Muzi’kag’a ashi’q kewillerde hesh qashan jamanli’q ji’qpaytug’i’nli’g’i’n ha’mmemiz jaqsi’ bilemiz. Bunday insanlardi’n’ ju’regi muhabbatqa, go’zzal pa’ziyletlerge bay boladi’. Duri’s biz woqi’wshi’lar ulli’ muzi’kantti’ jetistirip shi’g’arami’z dep ayta almaymi’z, lekin sonday go’zzal kewilli, Watani’mi’zg’a jaqsi’li’q joli’nda xi’zmet yetetug’i’n insanlardi’ jetistirip beriwge qoli’mi’zdan kelgeninshe ha’reket qi’lami’z.

Muzi’ka pa’ni insandi’ tek g’ana jaqsi’li’qqa jeteklewshi’ pa’n boli’p yesaplanadi’. Insan is-ha’reketlerin an’ basqarsa, insan an’i’n bolsa muzi’ka basqari’w qa’siyetine iye boli’p yesaplanadi’. Jasli’g’i’mi’zdan ana Watang’a, ana topi’raqqa, ata-anami’zg’a, qari’nlas-tuwi’sqanlari’mi’zg’a, dostu-biradarlari’mi’zg’a bolg’an mehr-muhabbat, sadi’qli’q bizge ana aytqan ha’yyiwden qan-qani’mi’zg’a, ruwxi’mi’zg’a sin’ip baradi’. Bizler ana ha’yyiwin yesitip wo’ser yekenbiz, hesh qashan bizlerden jaman minezli insan jetisip shi’qpaydi’. Bizler barkamal, keleshegi ulli’ a’wladbi’z ha’m ha’miyshe sonday

boli’p qaladi’. Keleshegimiz sonday jaslar qoli’nda. Milliy da’stu’rlerimiz, ayti’mlari’mi’z, bizlerge miyras xali’q qosi’qlari’ bar yeken ha’m usi’ milliy muzi’kami’z bizlerge miyras boli’p qalar yeken. Jurti’mi’zda danalar, ali’mlar, isbilermen ta’dbirkarlar, fermerler, diyxanlar, sportshi’lar, ko’rkem-wo’ner xi’zmetkerleri jetisip shi’g’a beredi. Watani’mi’z ravnaqi joli’nda a’welembar insanni’n’ ruwxi’ tetik ha’m shi’ni’qqan boli’wi’ kerek. Insan ruwxi’ni’n’ tiykarg’i’ azi’g’i’ bolsa bul muzi’ka boli’p yesaplanadi’. Ha’miyshe jaqsi’ ta’rbiyalawshi’ muzi’ka sizdin’ de joldasi’n’i’z bolsi’n.

Woqi’wshi’-jaslar muzi’ka ma’deniyati’n ta’rbiyalawda muzi’kali’q iskerliklerdin’ worni’ ju’da’ u’lken. Sabaqlar bari’si’nda imka’ni’ bari’nsha ko’birek muzi’kali’q iskerliklerden u’nemli paydalani’w arqali’ balalardi’n’ muzi’kali’q qa’biletlerin rawajlandi’ri’wg’a yerisiw mu’mkin. Ha’mmege belgili, muzi’ka ma’deniyati’ sabaqlari’nda ko’p g’ana muzi’kali’q iskerliklerdi a’melge asi’ri’w na’zerde tuti’lg’an.

Balalar muzi’ka saz a’sbaplari’nda shertiw – baslang’i’sh klass woqi’wshi’lari’ ko’pshilik boli’p atqari’wshi’li’q iskerligi tu’rlerinen biri boli’p yesaplanadi’. Sabaqlarda iskerliktin’ usi’ tu’rinen paydalani’w – balani’n’ muzi’kali’q qa’biletlerin rawajlandi’ri’w, kishi jastag’i’ woqi’wshi’lar ko’rkem bilim ha’m ta’jiriybesin bayi’ti’w, wolardi’n’ atqari’wshi’li’q iskerligine bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’n ja’ne de rawajlandi’ri’wg’a qarati’ladi’.

Bunda balalardi’ muzi’kali’q atqari’wshi’li’g’i’na emocional mu’na’sibetti ta’rbiyalaw maqset muwapi’q boli’p yesaplanadi’. Iskerliklerde aktiv qatnasi’w za’ru’r a’hmiyetke iye.

Sabaq mazmuni’ni’n’ qi’zi’qarli’ boli’wi’ ha’m ta’lim sapali’g’i’n asi’ri’w maqsetinde de woyi’n ha’m muzi’kali’q-ritmlik ha’reketler, shappat ha’m balalar saz a’sbaplari’nda (a’sirese, da’pshe, qasi’q, qayraq ha’m basqalar) shertip, muzi’ka do’retiwshiligi si’yaqli’ jan’a muzi’kali’q iskerlikler qollani’ladi’.

Balalar saz a’sbaplari’nda shertiw iskerligi baslawi’sh klaslarda milliy saz a’sbaplari’ menen tani’si’w ha’m wolardi’n’ dawi’s tu’slerin’ an’lap ali’w menen u’zliksiz baylani’si’p a’melge asi’ri’li’wi’ za’ru’r boli’p yesaplanadi’. Bunda

da’psheler, qayraq, qasi’q, kishkene safoiller si’yaqli’ urma saz a’sbaplari’nan paydalani’p, woqi’ti’wshi’ atqari’wi’nda ha’m magnitafon arqali’ taralatug’i’n namalarg’a ritm beriw sheberlikleri rawajlandi’ri’ladi’.

Baslawi’sh klaslarda muzi’ka ma’deniyati’ sabaqlari’nda balalar saz a’sbaplari’nda atqari’w iskerliginin’ kiritiliwi to’mendegishe pedagogikali’q wazi’ypalardi’ sheshiwge qarati’ladi’:

1. Balalardi’n’ sabaqlarda, klastan ti’sqari’ sabaqlarda, bos waqi’tlari’nda, bayramlarda, shan’araqta, dem ali’w waqi’tlari’nda atqari’wshi’li’q iskerliklerin a’melge asi’ri’wg’a ruwxlandi’ri’w, tayarlaw;
2. Woqi’wshi’larda ko’rkem did, qi’zi’g’i’wshi’li’q, muzi’kali’q i’qti’yajdi’ qa’liplestiriw;
3. Ansamblde, birgelikte atqari’w jarayani’na qi’zi’g’i’wshi’li’qti’ qa’liplestiriw ha’m ta’rbiyalaw, muzi’kali’q a’sbaplardi’n’ tembri (tu’si), dawi’s qa’siyeti, imkaniyatlari’n bilip ali’w, birgelikte atqari’w garmoniyasi’n seziwge u’yretiw;
4. Ladti’ an’law, ritm tuyg’i’si’n, muzi’ka formasi’, tembri (tu’si), garmoniyali’q ha’m melodiyali’q qa’siyetlerin seziwdi aktivlestiriw;
5. Muzi’kali’q so’ylew ma’deniyati’, su’wretlewshi qurallari’ tu’rindegi ko’z-qaraslardi’ qa’liplestiriw ha’m basqalar

Woqi’w-ta’rbiyali’q wazi’ypalardi’ a’melge asi’ri’wda repertuar a’hmiyetli wori’ndi’ iyeleydi. Birinshi klasta – a’sbapshi’li’q woyi’n ha’m ha’reketler iskerliginde woqi’wshi’lar muzi’ka seslerinin’ ba’lent-pa’sligin qol ha’reketleri menen ko’rsetiw shappat ha’m shi’qi’ldaqlar shali’p, woqi’ti’wshi’ atqari’wi’na ritm beriw («Asp bo’laman», «Bahor keladi» ha’m basqa mi’sallarda), «Yallama yorim», «Duchava» namalari’na shappat ha’m a’sbaplarda shali’p namalarg’a ritm beredi.

Yekinshi klass dawami’nda seslerge u’shmu’yeshlik, da’psheler, shi’qi’ldaqlar atqari’wi’nda ritm beriw, qatti’ ha’m jumsaq urg’ularni belgilew, «Oftob chiqdi olamga», «Oftobjonim-o’rtoqjon», shappatta ha’m balalar saz a’sbaplari’nda muzi’kag’a ritm beriw si’yaqli’ iskerlikler wori’nlanadi’.

U’shinshi kalsta woqi’wshi’lar da’psheler, shi’qi’ldaqlar, qasi’q ha’m basqa urma saz a’sbaplari’nda shertip, muzi’kag’a ritm beriw («Olmani otdim», «Jonon») ha’m basqa namalarg’a jor boli’p a’melge asi’ri’li’wi’ na’zerde tuti’ladi’.

Soni’si’ a’hmiyetli, muzi’kali’q material woqi’wshi’lardi’n’ birgelikte atqari’wlari’ ushi’n qolayli’ boli’wi’, woqi’wshi’larda do’retiwshilik wazi’ypalardi’ qa’liplestiriwde xi’zmet yetiwi kerek.

Balalar muzi’ka saz a’sbaplari’nda atqari’w, a’sirese muzi’kali’q do’retiwshilik rawajlani’wi’ pa’s woqi’wshi’la ushi’n ju’da’ paydali’ boli’p yesaplanadi’. Sonday-aq, barli’q balalardi’n’ keleshegte birqansha quramali’ saz a’sbaplari’n wo’zlestiriwlerine jaqsi’ tayarli’q wazi’ypasi’n wo’teydi.

Sabaqlardag’i’ balalar saz a’sbaplari’nda shertiw iskerligin sapali’ a’melge asi’ri’w na’tiyjesinde woqi’wshi’lar to’mendegi bilim sheberlik ha’m ko’nlikpelerge iye boli’wlari’ na’zerde tuti’ladi’:

- Muzi’ka saz a’sbaplari’, atlari’, du’zilisi, wolardi’ asi’raw qag’i’yda-ta’rtiplerin biliw;
- Ti’n’law arqali’ saz a’sbaplari’ ses tu’sin, jaran’lawi’n ani’qlay ali’w ha’m aji’rata ali’w;
- Shertiw usi’llari’ haqqi’nda sheberliklerge iye boli’w;
- A’sbaplarda jaran’laytug’i’n muzi’kali’q sesler tu’sin, su’wretlewshi qa’siyetlerin ko’re ali’w;
- Muzi’kali’q su’wretlew qurallari’n biliw, muzi’ka a’sbaplari’nda shertiwde wolardi’ ko’rsete ali’w;
- Ko’pshilik (ansambl) boli’p atqari’w sheberliklerin iyelep ali’w, a’piwayi’ namalardi’ yesitiw arqali’ a’sbapta atqara ali’w, doslari’ni’n’ atqari’wi’n mu’na’sip bahalay ali’w;
- A’sbaplardag’i’ ba’lent ha’m pas dawi’slar jaran’lawi’n pari’qlay ali’w, natalar ati’, wolardi’n’ jaylasi’w worni’n biliw ha’m t.b.;

Sabaqta jumi’sti’n’ na’tiyjesi tiykari’nan a’sbaplasti’ri’w jarayani’ menen baylani’sli’ boli’p yesaplanadi’. Sol sebepli, ko’pshilik boli’p atqari’w talabalari’n yesapqa ali’w kerek. Baslang’i’sh klass woqi’wshi’lari’ menen a’piwayi’ muzi’ka

saz a’sbaplari’nan (u’shmu’yeshlik, da’psheler, qayraq, shi’qi’ldaq siyaqli’) lardan ken’ paydalani’ladi’. Barli’q sazlar taza, ti’ni’q, jag’i’mli’ ses beriwi, si’rtqi’ ko’rinisi menen balalardi’n’ di’qqati’n qarati’wg’a yerisiw maqsetke muwapi’q boli’p yesaplanadi’.

Demek, shappat ha’m saz a’sbaplari’nda shertiw paydali’, woyi’n ha’m muzi’kali’ ha’reketler si’yaqli’ woqi’wshi’lardi’n’ muzi’kali’q-woqi’w qa’biliyetleri ha’m de atqari’wshi’li’q sheberliklerin rawajlandi’ri’w ushi’n paydali’ boli’p yesaplanadi’. Bul iskerlik joqari’da ayti’p wo’tilgenindey, baslawi’sh klaslarda milliy saz a’sbaplar menen tani’si’w ha’m wolardi’n’ dawi’s tu’slerin an’lap ali’w menen u’zliksiz baylani’si’p a’melge asi’ri’li’wi’ za’ru’r. Bunda da’psheler, qayraq, qasi’q, kishkene safoiller si’yaqli’ uri’p shertetug’i’n saz a’sbaplari’nan paydalani’p, woqi’ti’wshi’ atqari’wi’nda ha’m magnitafon arqali’ taralatug’i’n namalarg’a mas ritm beriw sheberlikleri rawajlandi’ri’ladi’. Sol sebepli, muzi’ka ma’deniyati’ sabaqlari’nda iskerliklerdin’ basqa tu’rleri qatari’ balalar saz a’sbaplari’nda shertiw bo’limine de ku’shli itibar beriw talap yetiledi. Sabaqta muzi’kali’q iskerlikler tiykari’nan birlesip, mazmuni’ jag’i’nan bir pu’tinlikti qurawi’ a’hmiyetliligi muzi’kali’q ta’lim talabi’ boli’p yesaplanadi’.

### 1.3. Woqi’wshi’larg’a qosi’q u’yretiwde ha’m muzi’ka ti’n’lati’wda saz a’sbaplari’ni’n’ a’hmiyeti.

Ha’r bir qosi’q belgili pedagogikali’q maqsetlerdi a’melge asi’ri’wdi’ ko’zde tuti’p tan’lanadi’. Qosi’qlardi’ tan’lawda dawam yetiwshen’lik, ilimiylik ha’m a’piwayi’dan quramali’g’a qarap bari’wi’na tiykarlanadi’. Wonda ha’r bir taza qosi’q aldi’n’g’i’si’nan payda bolg’an vokal-xor sheberliklerin bekkemleydi ha’m wolardi’ rawajlandi’radi’. Qosi’q diapazoni’ woqi’wshi’lar dawi’si’na mas yekenligi, ko’rkem ideyali’q mazmuni’ ji’l, sherek temalari’, ji’l ma’wsimleri, bayramlari’, woqi’wshi’lar jasi’na mas boli’wi’ kerek.

Qosi’qlardi’ to’mendegishe talaplarg’a ko’re tan’law usi’ni’s yetiledi.

- Qosi’qlardi’n’ ta’rbiyali’q a’hmiyeti, siyasiy-ideyali’q mazmuni’, muzi’kali’q du’zilisi ha’m xarakterinin’ woqi’wshi’lar jasi’na mas yekenligi.
- Qosi’q qatarlari’ni’n’ an’sat yekenligi, ko’rkem jetiskenligi, balalardi’n’ so’ylew bayli’g’i’na mas yekenligi ha’m wolardi’n’ so’ylew ma’deniyati’n wo’siriw ushi’n xi’zmet qi’ladi’.
- Qosi’q jaran’lawi’, woni’n’ xarakteri (kewilli, quwnaq, marsh, mun’li’), lad ha’m tessiturasi’, dawi’s diapazoni’ woqi’wshi’lar jasi’na mas boli’wi’.
- Qosi’qti’n’ ko’rkem qa’siyeti ha’m si’patlawshi’li’g’i’, balalar idrakina mas yekeniligi, garmoniyali’q du’zilisi ha’m jaran’darli’g’i’.
- Qosi’qti’n’ formasi’, neshe bo’limnen ibaratli’g’i’ (1, 2 bo’limli yamasa kuplet formasi’nda du’zilgenligi), naqi’ratti’n’ bar yekenligi.

Qosi’qti’ tani’sti’ri’wda woqi’ti’wshi’ qi’sqa, mazmunli’, obrazli’, qi’zi’qarli’ gu’rrin’ qi’li’p beredi. Qosi’q mazmuni’ndag’i’ a’dep-ikramli’q, ta’biyat, ana Watan, mehr-muhabbat haqqi’ndag’i’ ideyalardi’ balalar an’i’na sin’dirip, wolarda qi’zi’g’i’w woyatadi’. Keyin qosi’qti’ ta’sirli qi’li’p, jumsaq dawi’sta atqari’p

beredi. Qosi’q mazmuni’na mas su’wretlerden yamasa qanday da bir ko’rgizbe qurallardan paydalani’w kerek. Woqi’wshi’lar menen qosi’q mazmuni’na ha’m du’zilisine mas soraw-juwaplar qi’li’p, qosi’qti’ muzi’kali’q bo’limlerge bo’lip u’yretedi. Son’ qosi’q mazmuni’na mas muzi’kali’q-ritmikali’q ha’reketler menen u’yrete baslaydi’. Qosi’qti’ waqti’-waqti’ menen ta’kirarlap ayti’p turi’w kerek, bolmasa woni’n’ so’zleri woqi’wshi’lar yadi’nan ko’teriledi ha’m wog’an bolg’an qi’zi’g’i’w pa’seyedi. Ha’r bir sabaqta, a’sirese, taza qosi’qti’ u’yretiwden aldi’n, ilgeri u’yretilgen qosi’qti’ ta’kirarlap turi’w, balalar atqari’wi’ndag’i’ ayi’ri’m nuqsanlardi’ du’zetip bari’wg’a ja’rdem beredi. Balalar tali’g’i’p ketpewi ushi’n qosi’q u’yretiw formalari’ wo’zgertilib turi’ladi’. Mi’sali’: toparlarg’a bo’lip u’yretiw, jeke ha’m xor jorli’g’i’nda yamasa muzi’kali’q ha’reketler ja’rdeminde a’melge asi’ri’li’p, balalar dawi’slari’na dem beriledi. Qosi’q toli’q u’yretilgennen son’, wolardi’n’ qi’zi’g’i’wi’ ja’ne de artadi’. Sonday-aq, sabaq formalari’n (da’stu’riy yemes sabaqlar) wo’zgertirip turi’w da woqi’wshi’lar zerigiwinin’ aldi’n ali’p, qi’zi’g’i’wi’n ku’sheytiredi. Woqi’w ji’li’ dawami’nda 12-14 dana qosi’q u’yretiledi.

Bul jerde qosi’q u’yretiwde saz a’sbaplari’ni’n’ a’hmiyeti sonda, woqi’wshi’lar qosi’qti’ namasi’ menen yag’ni’y saz a’sbap penen birge aytsa qosi’qti’ yadlaw da’rejesi ku’sheyedi yag’ni’y tez yadlaydi’, qosi’qqa qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ artadi’ ha’m saz a’sbapqa da bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ artadi’.

Mi’sali’ G’ali’m Seytnazarov so’zine ha’m G’ayi’p Demesinov namasi’na jazi’lg’an «Aq qoyan» qosi’g’i’n u’yreterde birinshi qosi’qti’n’ avtorlari’ haqqi’nda, qosi’q kim haqqi’nda, qosi’qti’n’ wo’lshemi, qanday tempte jazi’lg’anli’g’i’, qosi’qta ushi’rasatug’i’n alteraciya belgileri, pauzalar, dinamikali’q belgiler ha’m qosi’qta ushi’rasatug’i’n notalardi’n’ sozi’mli’qlari’ haqqi’nda ayti’p wo’tiw kerek.

Qosi’qti’ woqi’wshi’larg’a u’yretpesten buri’n woqi’ti’wshi’ birinshi’ toli’q qosi’qti’ wo’zi shertip ha’m ayti’p beriwi kerek. Woqi’wshi’larda ja’ne de

qi’zi’g’i’wshi’li’q woyati’w ha’m yadlari’nda jaqsi’raq qali’wlari’ ushi’n ja’ne 1-2 ret shertip berse boladi’.

Keyin woqi’wshi’lar menen birge qosi’qti’ to’rt taktten bo’lip u’yretse boladi’, to’rt taktke qosi’qti’n’ yeki qatari’ tuwri’ keledi yeken. Birinshi 1-kuplettin’ yeki qatari’n 3-4 ma’rte u’yretip, keyin qalg’an yeki qatari’n 3-4 ma’rte u’yretemiz. Son’ 1-kuplettin’ to’rt qatari’n da qosi’p aytti’rami’z. 1-kupletti u’yrenip bolg’annan son’ 2-kupletke wo’temi’z. Bul jerde de 2-kuplettin’ yeki qatari’n 3-4 ma’rte u’yretip, keyin qalg’an yeki qatari’n 3-4 ma’rte u’yretemiz. Son’ 2-kuplettin’ to’rt qatari’n da qosi’p aytti’rami’z. Keyin 1-kuplet penen 2-kupletlerdi qosi’p aytti’rami’z.

Bul qosi’qta 3-4-kupletlerdin’ worni’na 2- ha’m 1-kupletler birdey namag’a sali’p ayti’ladi’. Bul kupletlerdi de birinshi qosi’qti’n’ yeki qatari’n, keyin ja’ne yeki qatari’n u’yretemiz. Ha’m son’i’nda qosi’qti’n’ ha’mme kupletlerin qosi’p aytqi’zami’z. Yadlari’nda jaqsi’ qali’wlari’ ushi’n 2-3 ma’rte qaytalap aytqi’zsaq jaqsi’raq boladi’. Woqi’wshi’lardi’ 2 qatar boli’p woti’rsa 2 toparg’a, 3 qatar boli’p woti’rsa 3 toparg’a bo’lip wolardi’ qaysi’ qatar jaqsi’ aytadi’ yeken dep jari’sti’rsaq ta boladi’.






Muzi'kani' ti'n'lay biliw ha'm wonnan zawi'q ali'w da u'lken wo'ner boli'p yesaplanadi'. Insanda muzi'ka ti'n'law ma'deniyati' jaslayi'nan rawajlani'p baslaydi'. Bala, muzi'ka ma'deniyati' sabaqlari'ni'n' barli'q jumi'slari' jarayani'nda, muzi'kani' ti'n'lap, woni' idrak yetedi. Biraq muzi'ka sabaqlari'ni'n' muzi'ka ti'n'law bo'limi aldi'nda, wo'zine ta'n quramali' wazi'ypalar turadi'. Aldi'n ala, soni' yesletiw kerek, insanda qosi'q ayti'w imkaniyatlari' ko're, ti'n'law imkaniyatlari' birqansha ken' boladi'. Mi'sali': milliy saz a'sbaplar ansambli, orkestr, xor, jeke saz, saz atqari'wi'ndag'i' shi'g'armalardi' qosi'q yetip ayti'p yemes, ba'lkim tek ti'n'lap idrok yetiw mu'mkin. Soni'n' ushi'n da muzi'ka ti'n'law jarayani'nda woqi'wshi'lardi'n' ko'rkemlik idroki jaqsi' rawajlani'p baradi'.

Muzi'ka ma'deniyati' sabaqlari'nda muzi'ka ti'n'law ushi'n to'mendegi talaplarg'a ko're shi'g'armalardi' tan'law usi'ni's yetiledi.

- Woqi’wshi’lardi’n’ idrokiga mas xali’q, milliy ha’m zamanago’y muzi’kali’q shi’g’armalardi’ ti’n’law.
- Woqi’wshi’lardi’n’ muzi’kani’ idrok yetiw ha’m muzi’kali’q shi’g’armada su’wretlengen ko’rkemlikti seziw qa’biletlerin rawajlandi’ri’w.
- Muzi’ka haqqi’nda baslang’i’sh mag’li’wmatlar beriw, ti’n’lang’an shi’g’armalar atlari’n yadlaw, wolardi’n’ mazmuni’, xarakteri ha’m ta’riyiplewshi qurallardi’n’ parqi’n biliw ha’m de ti’n’lang’an shi’g’armag’a belgili da’rejede baha bere ali’w.
- Muzi’kali’q shi’g’armalardi’ qa’lew menen ti’n’law ha’m yeslew, alg’an ta’sirleri haqqi’nda woylaw ha’m pikir bildiriw.
- Muzi’ka ti’n’lawda turg’i’n di’qqat-itibardi’ ha’m tin’law ma’deniyati’n, baslang’i’sh elementlerdi qa’liplestiriw.
- Muzi’kali’q didti qa’liplestiriwge baylani’sli’ qi’zi’qarli’, mazmunli’ shi’g’armalardi’ ti’n’law.

Baslawi’sh klass woqi’wshi’lari’ni’n’ di’qqat-itibari’ wonsha turaqli’ bolmag’anli’g’i’ sebepli, wolar jarqi’n jaran’laytug’i’n kishkene ko’lemdegi muzi’kali’q shi’g’armalardi’ idrok yetiwge qa’dir boladi’lar. Wolar, a’sirese, kishkene ko’lemdegi qosi’qlardi’ jaqsi’ idrok yetedi, so’z ha’m ses birligi muzi’kani’n’ mazmuni’n’ an’sat idrok yetiwge ja’rdem beredi. Soni’n’ ushi’n muzi’ka woqi’ti’wshi’si’ qosi’q aytqanda yamasa qandayda bir saz a’sbapi’n shertkende, woni’n’ tani’s dawi’si’, taza sesti, ta’sirli atqari’wi’, mimikasi’ ha’m belgileri woqi’wshi’lardi’ wo’zine tarti’wi’ kerek. Sonda g’ana, balalarda bolatug’i’n zawi’qlani’w, hayran’qali’w, quwani’w, qayg’i’ri’w, woylani’w si’yaqli’ jag’daylardi’ gu’zetiw mu’mkin.

Taza shi’g’arma menen birinshi ma’rte tani’sti’ri’wda woqi’ti’wshi’ni’n’ qi’sqa, ani’q, mazmunli’, qi’zi’qli’ kirisiw so’zi, muzi’ka ti’n’law jarayani’nda da

a’hmiyetli rol woynaydi’. Muzi’kali’q shi’g’armani’ ti’n’lawdan aldi’n woqi’wshi’larg’a mag’li’wmat berilse, wolar shi’g’armani’ toli’q idrok yetiwge ha’reket qi’ladi’lar. Muzi’kali’q shi’g’armani’ yeki-u’sh sabaq dawami’nda ti’n’law sha’rt. Sebebi, ha’r bir ti’n’lawda bala ushi’n shi’g’armani’n’ jan’a qi’rralari’ ko’rinedi ha’m wog’an bolg’an qi’zi’g’i’wi’ ha’m muhabbati’ arti’p baradi’. Ji’ldan ji’lg’a woqi’wshi’lar wo’z jasi’na, bilim ha’m sheberliklerine muwapi’q, muzi’kali’q shi’g’armani’ toli’q idrok yetiwge qa’dir boladi’lar. Woqi’w ji’li’ dawami’nda woqi’wshi’lar 12-14 dana shi’g’arma ti’n’laydi’lar.

Bul jerde nama ti’n’lawda saz a’sbaplari’ni’n’ a’hmiyeti sonda, ha’r bir woqi’ti’wshi’ temag’a baylani’sli’ nama ti’n’latqanda ila’ji bari’nsha wo’zi a’sbapta shertip ti’n’latqani’ jaqsi’ boladi’. Mi’sali’ xali’q saz a’sbaplari’ degen temada nama ti’n’lawda qaraqalpaq xali’q namasi’ «Gu’lpaq»ti’ berip qoyi’pti’. Bul jerde woqi’wshi’lag’a bul shi’g’armani’ duwtar a’sbapi’nda woqi’ti’wshi’ wo’zi atqari’p berse woqi’wshi’lardi’n’ namag’a degen qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ ha’m de a’sbapqa bolg’an qi’zi’g’i’wshi’li’g’i’ da artadi’.



## II – bap

### 2.1. Baslawi’sh klasslarda saz a’sbaplari’ menen tani’sti’ri’w usi’llari’

### U’plep shertetug’i’n saz a’sbaplar.

Orkestr – ha’r qi’yli’ saz a’sbaplari’ sa’zendelerinen du’zilgen ja’ma’a’t boli’p, ko’rsetilgen quram ushi’n jarati’lg’an muzi’kali’q shi’g’armani’ atqaradi’. Ha’mmemiz biletug’i’n kishkene ansamblلerden parqi’ sonda, wolarda sa’zendeler sani’ ko’p boli’p, birneshe toparlardan ibarat boladi’. Orkestrler saz a’sbaplari’ni’n’ quramli’q du’zilisine qaray tu’rlishe boladi’: Simfoniyali’q orkestr, U’plep shertiletug’i’n saz a’sbaplari’ orkestri, Tarli’ orkestr, Estrada orkestri, Xali’q sazlari’ orkestri solar topari’nan yesaplanadi’.

Uzaq da’wirlerden beri xalqi’mi’z arasi’nda ken’ tarqalg’an sazlari’mi’zdan 1936-ji’li’ birinshi wo’zbek xali’q sazlari’ orkestri du’zilgen. Qaraqalpaq xali’q sazlari’ orkestri bolsa 1957-ji’li’ du’zildi. Woni’n’ birinshi sho’lkemlestiriwshisi, kompozitor A’bdireyim Sultanov boldi’.

Saz a’sbaplari’mi’zdan ayi’ri’mlari’ temperaciya yetilip (yag’ni’y, bir qi’yli’ sazlarg’a jaqi’nlasti’ri’li’p), u’lken-kishi tu’rleri islep shi’g’i’lg’an. Bularg’a u’lken-kishi nay, u’lken-kishi girjek, chang, rubab, duwtarlardi’ kirgiziw mu’mkin.

Bunday orkestr ushi’ O’zbekistan ha’m Qaraqalpaqstan kompozitorlari’ jan’a shi’g’armalar do’retti, xali’q namalari’n qayta isledi, ja’ha’n klassik kompozitorlari’ni’n’ shi’g’armalari’n usi’ orkestrge maslasti’rdi’.

Xali’q sazlari’ orkestri 5 topardan du’zilgen boli’p, wolardan birinshisi, u’plep shertiletug’i’n saz a’sbaplar topari’. U’plep shertiletug’i’n saz a’sbaplar topari’na – nay, kishi nay, qosnay, si’rnay, kerek jerinde karnaylar da qosi’ladi’.

Bul temani’ woqi’wshi’larg’a tu’sindirip bolg’annan keyin wolar menen birgelikte bekkemlew bo’liminde taxtag’a a’sbaplardi’n’ su’wretleri jasi’ri’ni’p, wolardi’n’ artlari’na ta’riyiplewshi so’zler jazi’ladi’. Ha’m ha’r bir shi’qqan woqi’wshi’ sol ta’riyiplewler arqali’ woni’n’ qanday a’sbap yekenligin tabi’wi’ kerek.

Bunnan ti’sqari’ nama ti’n’law bo’liminde xali’q sazlari’ orkestrinin’ atqari’wi’nda «Gu’lpaq» qaraqalpaq xali’q namasi’n woqi’ti’wshi’ atqari’wi’nda

ti'nlasa, woqi'wshi'lardi'n' muzi'ka ma'deniyati' sabag'i'na bolg'an, temag'a bolg'an ha'm saz a'sbapi'na bolg'an qi'zi'g'i'wahi'li'g'i' artadi' dep woylayman.

**Tarli' uri'p ha'm ilip shertetug'i'n saz a'sbaplar.**

Xali'q sazlari' orkestrinin' tarli'-uri'p ha'm ilip shertiletug'i'n saz a'sbaplar partiturasi'na demli (u'pleme) saz a'sbaplar topari'nan son' to'mendegi nota qatarlari'n birlestirip jaylasti'ri'ladi'.

Tarli'-uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari'na I ha'm II chang a'sbaplar kiredi, bo'lek qatarlarg'a jazi'ladi'.

Ilip shertiletug'i'n (mediator ha'm barmaqlar ja'rdeminde) sazlar topari' yen' u'lken topar boli'p yesaplanadi'. Wog'an prima rubablari', qashqar rubablari', afgan rubablari', duwtarlar, duwtar-baslar, duwtar-kontrabaslar kiredi ha'm wo'z aldi'na bo'lek qatarlarg'a jazi'ladi'.

Ati' atalg'an toparlar, saz a'sbaplari' jeke tu'rde ha'm birgelikte tiykarg'i' namani' atqari'w menen birge, joldas (2-da'rejeli) nama jollari' ha'm usi'l-garmoniya ko'rinisinde qosi'li'wi' da mu'mkin.

Bul temani' woqi'wshi'larg'a tu'sindirip bolg'annan keyin wolar menen birgelikte bekkemlew bo'liminde «Venn diagrammasi'» usi'li'nan paydalansaq boladi'. Bul jerde taxtag'a yeki diagramma si'zi'p, tarli' uri'p ha'm ilip shertetug'i'n a'sbaplardi'n' uqsaq ta'replerin ha'm ayi'rmashi'li'qlari'n woqi'wshi'lar menen birgelikte diagrammag'a tu'sirsek boladi'.

Bunnan ti'sqari' nama ti'n'law bo'liminde Qaraqalpaq xali'q sazlari' orkestrinin' atqari'wi'nda «Xalqali'» qaraqalpaq xali'q namasi'n woqi'ti'wshi' atqari'wi'nda ti'nlasa, woqi'wshi'lardi'n' muzi'ka ma'deniyati' sabag'i'na bolg'an, temag'a bolg'an ha'm saz a'sbapi'na bolg'an qi'zi'g'i'wahi'li'g'i' artadi' dep woylayman.

**Uri'p shertetug'i'n saz a'sbaplar.**

Xali'q sazlari' orkestrinin' uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplar topari'nda da'p, nag'ara, qayraq, safoyil si'yaqli' wo'zbek xali'q sazlari' menen birge Evropa saz a'sbaplari' – litavralar, baraban, tarelka si'yaqli'lari'n da ushi'rati'w mu'mkin.

Kompozitorlar ha'm orkestr ushi'n sazlasti'ri'wshi' qa'nigeler partiturasi' jazi'li'p ati'rg'an shi'g'armani'n' xarakterine, obrazi'na qarap uri'p shertiletug'i'n saz a'sbaplari'n tan'laydi'. Ma'selen, toy saltanati'n bildiriwshi shi'g'armalarda nag'ara, qosi'qlarda da'p, xorezmshe ayaq woyi'nlarda qayraq, uyg'i'rsha namag'a safoyil paydalani'lsa jaqsi' boladi'. Evropa saz a'sbaplari' da muzi'kani' ja'ne de bayi'tadi'.

Bul temani' woqi'wshi'larg'a tu'sindirip bolg'annan keyin wolar menen birgelikte bekkemlew bo'liminde uri'p shertetug'i'n saz a'sbaplardi'n' shertiliwlerinen birimlep uzi'ndiler ti'nlati'p, ha'r u'zindiden keyin woqi'wshi'larg'a qaysi' a'sbapti'n' atqari'wi'nda yekenligin tapti'rsaq boladi'. Bunda a'sbapti'n' ko'rinisinen ti'sqari' woqi'wshi'lar a'sbapti' shertkende qanday yesitiliwin de jaqsi' yadta saqlap qaladi' dep woylayman.

Bunnan ti'sqari' nama ti'n'law bo'liminde Qaraqalpaq xali'q sazlari' orkestrinin' atqari'wi'nda A.Sultanovti'n' «Qaraqalpaq syuitasi'» shi'g'armasi'n ti'nlati'p yag'ni'y video ko'rinis ko'rsetsek woqi'wshi'lar a'sbaplardi' qa'ytip uslap shertiw kerek yekenligin de ko'rip aladi'.

**Tarli' tartqi'shli' saz a'sbaplar.**

Xali'q sazlari' orkestrinin' tarli'-tartqi'shli' a'sbaplari' topari'nda I, II Girjekler, Girjek – alt, Qobi'z – bas, Qobi'z – kontrabaslar kiredi ha'm wolar 5 nota si'zi'g'i'n iyelep, partiturani'n' yen' to'mengi bo'liminen wori'n alg'an. Atap wo'tilgen saz a'sbaplar shi'g'armani'n' tiykarg'i' nama – nama i'rg'ag'i'n atqari'w menen birge, janapay i'rg'aqlar ha'm usi'l-garmoniya ko'rinisinde qosi'li'p atqari'li'wi' da mu'mkin.

Bul temani' woqi'wshi'larg'a tu'sindirip bolg'annan keyin wolar menen birgelikte bekkemlew bo'liminde «Klaster» usi'li'nan paydalansaq boladi'. Yag'ni'y taxtani'n' wortasi'na girjek dep jazi'p, woni'n' aylanasi'na girjektin' tu'rlerin jazami'z. Keyin qobi'z a'sbapi'n da sonday yetsek boladi'. Bul usi'lda da woqi'wshi'lar taxtag'a wo'zleri jazg'anli'g'i' ushi'n yadta jaqsi' saqlanadi'.

Bunnan ti'sqari' nama ti'n'law bo'liminde Qaraqalpaq xali'q namasi' «Qara jorg'a» namasi'n woqi'ti'wshi' atqari'wi'nda ti'nlasa, woqi'wshi'lardi'n' muzi'ka

ma’deniyati’ sabag’i’na bolg’an, temag’a bolg’an ha’m saz a’sbapi’na bolg’an qi’zi’g’i’wahi’li’g’i’ artadi’ dep woylayman.

### 2.2. Duwtar saz a’sbapi’ni’n’ du’zilisi ha’m ses shi’g’ari’w texnikasi’

Milliy muzi’kami’z wo’z aldi’na bir g’a’ziyne. Qaraqalpaq xalqi’na g’ana ta’n bolmag’an g’ayri’ nag’i’sqa bay si’rli’ namalari’mi’z, bizin’ a’psanawiy tariyxi’mi’zdi’, salt-da’stu’rin, qayg’i’si’n, quwani’shi’n wo’z bawri’na ali’p ju’kti nar ko’tergen si’yaqli’ adamg’a seziledi. Milliy namalari’ni’z benen xali’qti’n’ ta’g’diri, aji’ralmas yet penen ti’rnaqtay wo’tmishke bir-birine wortaq. Sonli’qtan da bul si’yqi’rli’ namalar a’wladtan-a’wladqa ustaz-sha’kirt joli’ arqali’ usi’ da’wirimizge shekem jetip kelgen. Baqsi’, ji’raw, sa’zendelerimizge wo’z g’a’rezsizligimizdi qolg’a kiritkennen son’, wo’zgeshe jan’a da’rbent jol ashi’lg’anday tu’yildi.

Qaraqalpaq xalqi’ni’n’ alamoynaq milliy duwtari’ qon’si’las tuwi’sqan wo’zbek, tu’rkmen, qazaq xali’qlari’ni’n’ «duwtar» ha’m «dombi’ra» dep atalg’an saz a’sbaplari’ menen uqsas ta’repleri, soni’n’ menen birge wo’zine ta’n wo’zgeshelikleri de bar.

Alamoynaq duwtari’ni’n’ milliy wo’zgesheligi sonda:

**birinshiden**, duwtar da’stesindegi perdelerdin’ wo’zgesheligi (mi’sali’, **aydi’n** perde, **shi’rwan** perdeleri);

**yekinshiden**, gu’mbirlep shiqqan sestinin’, yag’ni’y tembrinin’ wo’zgesheligi;

**ushinshiden**, alamoynaq duwtari’ni’n’ wo’zine jarasqan kelbeti ha’m bezew nag’i’slari’ndag’i’ wo’zgeshelikler. Mi’sali’: duwtardi’n’ moyni’nda su’yekke Sali’ng’an milliy nag’i’slar, **«alamoynaq»** dep atali’wi’na sebep bolg’an;

**to’rtinshiden**, dawi’s shanag’i’ni’n’, da’stesinin’ wo’lshemleri, du’zilisi (formasi’) ha’m da’stedegi perdelerdin’ wo’lshemlerindegi ayi’rmashi’li’qlari’.

Alamoynaq duwtari’n soqqanda ustalar **tut** ag’ashi’nan paydalang’an ha’m yeki usi’lda sog’i’p kelgen, biri **qazba** duwtar bolsa, yekinshisi **tilme** (qurama) duwtar.

Qazba duwtardi’n’ dawi’s shanag’i’n bir pu’tin tut ag’ashi’n woyi’p (qazi’p) shi’g’aradi’.

Tilme duwtardi’n’ dawi’s shanag’i’n tut ag’ashi’n tilip, son’i’nan sol tilmelerdi qurap shi’g’aradi’.

## Duwtardi'n' du'zilisi



## Duwtardi'n' sazlani'w ta'rtibi

Duwtar so'zi parsi' tilinde **«yeki tarli'»** - degen ma'nisti an'latadi' ha'm wolar barqulla birge qosi'li'p shertiledi. Saz shertkenimizde sol yeki tardi'n' ha'r qaysi'si' wo'z wazi'ypasi'n atqari'p, birin biri toli'qti'ri'p baradi'.

Mi'sali': Birinshi **«Lya»** tari'ndag'i' perdeler bastan ayaq barli'q qayi'ri'm-i'rg'aqlari' menen namani'n' qa'ddin ali'p barsa, al yekinshi **«Mi»** tari'ndag'i' perdeler sol namani'n' shi'rayi'n shi'g'ari'p, ta'sirshen'ligin ha'm ma'nisin artti'ri'p baradi'.

Duwtardag'i' yeki tardi'n' asti'n'g'i' birinshi tari' **«Lya»** notasi'na, al yekinshi tari' **«Mi»** notasi'na sazlanadi' ha'm muzi'ka tilinde sol sazlang'an notag'a qaray birinshi tar **«Lya»** tari' dep, al yekinshi tar **«Mi»** tari' – dep ayti'ladi'. Duwtardi' sazlag'anda da'slep lya tari' sazlani'p son'i'nan mi tari' sazlanadi'.

### Notalardi'n' duwtar perdelerinde jaylasi'wi'



## Notalardi'n' duwtar perdelerindegi jaylasi'wi'



**Muzi’kali’q a’sbapti’ duri’s uslaw ha’m qoldi’n’ duri’s jaylasi’wi’**

A’sbapti’ duri’s uslaw qa’desi dep - qollardi’n’ ha’reket yetiwdegi wo’zgeriw pishimlerin aytami’z. Haqi’yqati’nda bul qollardi’n’ a’sbapqa jaylasi’wi’n A.Goldenveyzer «qoldi’ qoyi’w» yemes, al «ha’reket yetiw» degen. Al belgili pianist ha’m pedagog L.Nikolaev «qollardi’ qoyi’w qa’deleri ha’r pianist ushi’n ayri’qsha bolmaydi’ , wolar ha’mmege wortali’q, biraq shartli si’patqa iye» dep aytadi’. Xali’q sazlari’n uslawda da soni’ ayti’wg’a boladi’. Muzi’kali’q a’sbaplardi’n’ rawajlani’wi’na atqari’w talaplari’ni’n’ wo’siwine baylani’sli’ a’sbapti’ uslaw qa’delerinin’ wo’zgeriwi ta’sir yetedi. Atqari’w texnikasi’ni’n’ rawajlani’wi’na qollardi’n’ buwi’nlari’ni’n’ bos boli’wi’, iyin ha’m bilektegi barmaqlardi’n’ ha’reketin basqaratug’i’n bulshi’q yetlerdin’ yerkin jag’dayda boli’wi’ talap yetiledi. Qollardi’n’ a’sbapti’ duri’s uslaw jag’dayda barli’q bulshi’q yetlerdin’ bos boli’wi’ arqali’ boladi’. Qollardi’n’ joqarg’i’ bo’limleri barmaqlardi’n’ pa’njenin’ yerkin hali’nda boli’wi’n ta’min yetedi. Barmaqlardi’ yerkin, ku’sh salmay wo’z hali’nda tuti’w kerek. Bul jag’dayda barmaqlar azi’raq bu’gilip buwi’nlarda hesh qanday tarti’li’wlar bolmawi’ kerek. Tek bilek, pa’nje ha’m barmaqlardi’ ha’reketke keltiretug’i’n ku’sh jumsali’wi’ sha’rt. A’sbapti’ shertken waqi’tta barmaqlar ha’m pa’nje ha’r qi’yli’ jag’dayda boladi’. Qollardi’n’ ha’m barmaqlardi’n’ ha’reketleri ta’biyiy bolsa, wolarda ta’biyiy sap texnika payda boli’wi’na yerisiwge boladi’. A’sbapti’ shertkende barmaqlar wonsha joqari’ ko’terilmey perdelerge tik ha’m yerkin basi’li’p, gezektegi basi’latug’i’n barmaq basi’lg’annan keyin de birinshi basi’lg’an barmaq worni’nda tursa (joqari’ qarag’an ha’rekette) barmaqlardi’n’ aralari’ sozi’li’p perdelerge arqayi’n jetetug’i’n boli’p qoldi’n’ texnikasi’ artadi’. Barmaqlar ha’reketlerinin’ shi’ni’g’i’wlar arqali’ qa’liplesiwi nerv sistemasi’ arqali’ bas miyge jetip, wonda turaqli’ baylani’slardi’ payda yetedi ha’m sol sebepli avtomatli’q (woylanbastan) ha’reketler qa’liplesedi.

**Shep qoldi’n’ texni’kali’q mu’mkinshilikleri.**

Ko’pshilik xali’q muzi’kali’q a’sbaplarda tek shep qoldi’n’ barmaqlari’ menen taraladi’, perdelerge yamasa da’stege basi’w arqali’ sazlar shertiledi. Ha’r

qi’yli’ muzi’kali’q a’sbaplarda barmaqlar ha’m perdeler tu’rlishe sa’ykeslikke iye boladi’. Misali’, rubab-prima, g’irjeklerde bir barmaqqa yeki perde sa’ykes kelse, duwtar, qashqar rubablarda bir barmaqqa bir perde tuwra keledi. Al ju’da’ to’mengi registrdegi a’sbaplarda duwtar-kontrabas, qobi’z-kontrabaslarda tek u’sh barmaq qollani’p, wolardi’n’ birinshi poziciyalari’nan alti’nshi’ poziciyag’a deyin 3-ha’m 4-barmaqlar birge qosi’li’p basi’li’p 4 sani’ menen belgilenedi. Solay yetip, 1-2-4 barmaqlardi’n’ ha’r qaysi’si’ bir perde (yari’m ton) basi’w arqali’ bul a’sbaplar shertiledi. Shep qol yeki wazi’ypani’ atqaradi’: a’sbapti’n’ da’stesin uslap turi’p barmaqlari’ menen perdelerdi basadi’. Shep qoldi’n’ barmaqlari’ ku’shi ha’m ha’reketshen’ligi boyi’nsha wo’z-ara ten’ yemes. Bas barmaq – ku’shli, woni’n’ ku’shi qalg’an to’rt barmaqti’n’ ku’shine ten’ keledi. Woni’n’ ha’reketshen’ligi wortasha boladi’. Bul barmaq ko’binese duwtar shertkende qollani’ladi’. Ko’rsetkish barmaq yamasa «balan u’yrek» dep atali’wshi’ muzi’kali’q ta’jribede birinshi dep belgilenedi. Wol ku’shli, ha’reketshen’ barmaq. Wortan’g’i’ «wortan terek» dep atali’wshi’, yekinshi barmaq ku’shli ha’m ha’reketshen’ «Shu’ldir su’mek» dep atali’wshi’ u’shinshi barmaq ku’shli, biraq ha’reketi uyan’ aytqang’a ju’rmeytug’i’n barmaq. Al «kishkene bo’bek» dep atali’wshi’ to’rtinshi barmaq ha’reketshen’, biraq ku’shi az boli’p keledi. Shep qoldi’n’ barmaqlari’ yerkin ha’rekette boli’wi’ ushi’n a’sbapti’n’ da’stesin qi’spay, qoldi’ yerkin halda tuti’w kerek. Bunday jag’dayda sa’zendenin’ qoli’ talmaydi’, ha’r qi’yli’ sekiriwler, an’sat ha’m yerkin tu’rde wori’nlanadi’. Bunday si’patlamalardan paydalani’p barmaqlardi’n’ kemshiliklerin jetilistiriwge arnawli’ shi’ni’g’i’wlardi’ shertiw kerek. Poziciyalar joqari’lag’an sayi’n perdelerdin’ aralari’ tarayi’p barmaq basi’w qa’deleri wo’zgeredi. Barmaqlardi’n’ texnikasi’n artti’ri’w ushi’n arnawli’ shi’ni’g’i’w ha’m akkordlardi’ shertip turi’w kerek.

**Won’ qoldi’n’ texni’kali’q mu’mkinshilikleri.**

Bir qatar xali’q saz-a’sbaplari’n shertkende shep qol menen won’ qol ha’r qi’yli’ wazi’ypalardi’ wori’nlaydi’. Biraq yekewinin’ ha’reketi de bir ma’selege: a’sbaptan ses shi’g’ari’w bolg’anli’qtan, wolardi’n’ wo’z-ara sa’ykes ha’rekette boli’wi’ a’hmiyetli boladi’. Sa’zendenin’ won’ qoli’ shertetug’i’n a’sbapi’na qarap

ha’r qi’yli’ ha’reketlerdi wori’nlaydi’. Girjekti shertkende tartqi’shti’ duri’s uslap woni’n’ texni’kali’q ha’reketlerin wo’zlestiriw kerek. Tartqi’shti’ paydalang’anda won’ qoldi’n’ buwi’nlari’ bos boli’p ha’reket isleniwi kerek. Tartqi’shti’n’ uzi’nli’g’i’n u’nemlep jumi’sap, tarlarg’a basi’li’w ku’shin wo’zgertiw arqali’ a’sbaptan ha’r qi’yli’ qatti’li’qtag’i’ seslerdi shi’g’ari’w won’ qoldi’n’ texnikasi’ni’n’ sapasi’ boli’p sanaladi’. Tartqi’shti’n’ ko’plegen shtrixlari’ boladi’. Wolardi’ a’ste-a’ste yen’ an’sati’nan baslap u’yretiw kerek.

Duwtar-bas, rubablarda ses tarlardi’ mediator (plektr) arqali’ terbeliske keltiriwden payda boladi’. Bul jag’dayda shep qoldi’n’ barmaqlari’ perdeni basqan waqi’tta won’ qol tardi’ terbeltiwi kerek. Usi’nday sa’ykeslik bolmasa sap ses shi’qpay qaladi’. Won’ qol wo’z ha’reketinde bulshi’q yetleri tarti’lmay yerkin ha’rekette boli’wi’ kerek, sebebi tarti’li’wlardi’n’ sebebinen qan tami’rlar qi’si’li’p qan aylani’si’ pa’sen’leydi, sol sebepten qol tez sharshaydi’. Won’ qoldi’n’ jumsaytug’i’n ku’shi mediatordi’ uslap ha’m tardi’ terbeliske keltirgendey da’rejede boli’wi’ kerek. A’sirese a’sbapta tremolo (rez) bergende qoldi’n’ bos boli’wi’ woni’n’ sharshamawi’n ta’miyinleydi.

Duwtarda da’stti paydalang’anda qol bos hali’nda boli’p tek tarlardi’ terbeltkendey ku’sh jumsali’wi’ kerek. Joqari’da aytqanday, tremolo (rez) bergende won’ qol, woni’n’ pa’njesi ju’da’ bos boli’wi’ kerek. Won’ qoldi’n’ texnikasi’ shep qoldi’n’ texnikasi’ menen barabar rawajlani’p bari’wi’ sha’rt. Bulardan basqa ha’r a’sbapta wo’zine ta’n bolg’an shertiw usi’llari’ boladi’. Wolardi’ qa’nige mug’allim wo’z woqi’wshi’si’na u’yretiwi tiyis.

## Ses shi’g’ari’w texnikasi’.

Ha’r bir sestin’ deregi bul terbelgen dene boli’p yesaplanadi’. Ses - bul adamg’a ta’sir yetiwshi qural. Adam anatomiyasi’nan belgili - sesti adam wo’zinin’ yesitiw mu’shesi (apparati’) arqali’ qabi’l yetedi. Uli’wma sesler yekige bo’linedi: shawqi’m sesler ha’m muzi’kali’q sesler. Muzi’kali’q sesler bir qatar qa’siyetlerge iye. Wolardan sestin’ ba’lentligi, tembri (ren’i), ku’shi, sozi’mli’g’i’n ayti’wg’a boladi’. Sestin’ yesitiliw ku’shin dinamika dep ataydi’. Sestin’ tembri (ren’i) terbelgen denenin’ sapasi’na baylani’sli’ boladi’. Misali’, fortepiano, rubab,

g’irjek h.t.b. a’sbaplardi’n’ tembri ha’r qi’yli’ boladi’. Sestin’ sozi’mli’g’i’ woni’n’ yestilip turg’an waqi’ti’na baylani’sli’ boladi’. Sestin’ ba’lentligi terbelgen denenin’ terbeliw jiyligine baylani’sli’ boladi’. Adamni’n’ qulag’i’ 16-20 gercten 4000-4500 gercke deyingi terbelislerdi sezedi. Gerc - bul denenin’ bir sekundtta terbelgeninin’ sani’ boladi’.

Ses shi’g’ari’w u’stinde islew ha’r tu’rli ha’m ha’r muzi’kali’q a’sbapta tu’rlishe boladi’. Ses u’stinde islew a’sbapti’n’ tembri, dinamikasi’ ha’m shtrixlari’ u’stinde islew boli’p tabi’ladi’. Ses u’stinde islew na’tiyjeli bolsa ses ma’deniyati’n payda yetedi. Sestin’ ma’deniyati’ dinamikali’q, shtrixli’q, nala beriw usi’llari’n teren’ iyelegennen keyin payda boladi’. Joqari’ qa’nigeli sa’zendelerdin’ texnikali’q jaqtan a’piwayi’ shi’g’armalardi’ shertkeni de barli’q yesitilip ti’n’lawshi’lardi’ wo’zine tartadi’. Muzi’kali’q sestin’ uli’wma qa’siyeti - bul ti’n’lawshi’g’a emociyali’q ta’sir yetip woni’n’ sezimlerin woyati’p ha’r qi’yli’ obrazlardi’ woni’n’ ko’z aldi’na keltiriw boladi’. Buni’n’ ushi’n sesti, a’sirese sozi’n’qi’ seslerdi, adamni’n’ dawi’si’na uqsati’p shertiw ju’da’ ta’sirli boladi’.

## 2.3. Saz a’sbaplari’nda muzi’kali’q ritm beriw usi’llari’.

Ritm – bul belgili bir namadag’i’ muzi’kali’q seslerdin’ uzi’n-qi’sqa boli’p almasi’p turi’wi’na ayti’ladi’. Ha’rqanday nama yaki qosi’q ayti’li’w joli’ni’n’ i’rg’ag’i’ni’n’ wo’z ritmi bar.

Balalar saz a’sbaplari’ janli’ dawi’sli’ woyi’nshi’qlar si’pati’nda ha’r bir woqi’wshi’ni’ qi’zi’qti’radi’. Shappat ha’m balalar saz a’sbaplari’nda ritm beriw, muzi’kani’n’ xarakterin ha’m obrazlari’n his yetiwde, wolarg’a ta’n emocional tuyg’i’lar payda yetiw, a’sirese, balalardi’n’ do’retiwshilik qa’biletlerin rawajlandi’ri’wda u’lken a’hmiyetke iye. Muzi’ka ma’deniyati’ sabaqlari’nda balalra saz a’sbaplari’nan paydalani’w unamli’ na’tiyjeler beriw menen birge woqi’wshi’lardi’n’ sabaqqa umti’li’wshan’li’g’i’n, qi’zi’g’i’wi’ ha’m muzi’kali’q uqi’bi’n (yadi’, ritmdi seziw tuyg’i’si’n, so’ylewin) wo’siredi. Balalar saz a’sbaplari’nda ritm beriwde, aldi’n, woqi’wshi’lap shappat shali’p ritm beredi, woqi’ti’wshi’ woqi’wshi’lardi’n’ nama-ritmin duri’s sezip atqari’wlari’ ushi’n, balalarg’a stol u’stine terip qoyi’lg’an saz a’sbaplari’nda shertip, muzi’kag’a yerip ritm beriwlerin ayti’p qoyi’wi’ kerek. Keyin qanday da bir saz a’sbapi’nda namani’ wo’zi atqari’p, shappat penen birge ritm beriwdi ko’rsetedi. Keyin ba’rsheni shappat shali’p, ritm beriwdi mirat yetedi ha’m atqari’li’w jarayani’n di’qqat penen gu’zetip, balalar saz a’sbaplari’n tarqati’w ushi’n woqi’wshi’lardi’ tan’laydi’. Birinshi atqari’li’wdag’i’ uti’s ha’m kemshiliklerdi, ja’ne bir ma’rte ta’kirarlap, shi’rayli’, duri’s atqari’ladi’. Son’ muzi’kali’q uqi’bi’ bos bolg’an woqi’wshi’larg’a balalar saz a’sbaplari’nda ritm beriwdi mira’t yetedi. Usi’ ta’rizde klastag’i’ woqi’wshi’lardi’ gezekpe-gezek balalar saz a’sbapi’nda ritm beriwge u’ndep, wolardi’n’ qi’zi’g’i’wi’n asi’radi’. Sazlarda shertiwge ha’mme umti’ladi’, a’lbette. Soni’n’ ushi’n berilgen shi’g’armani’ balalra qa’te qi’lmay muzi’kani’ tuwri’ seziwge ha’m yadta saqlawg’a ha’reket qi’ladi’lar. Keyinshelik atqari’wshi’li’q tu’rleri quramalasti’ri’ladi’.

Klasti’ yeki toparg’a bo’lip, birinshi topar shappat shali’p, yekinshi topar dawi’sta ritm beriw menen de jor boli’wi’ mu’mkin. Ja’ne bir tu’ri – woqi’ti’wshi’ da’pte ritmdi ani’q ha’m tegis shertip turadi’. «Bum»ge birinshi topar balalari’

«bak»ke yekinshi topar balalari' ritm beredi. Buni' ila'ji bolsa magnitifon lentasi'na jazi'p ali'p wori'nlasa da boladi'. Sonday-aq, namani' taxtag'a ko'rsetilgen grafik su'wreti ha'm woni'n' ritmine du'zilmesin ten' sherek ha'm segizlik notalar menen ta'riyiplew mu'mkin, biraq kartochkalardan paydalani'lsa da boladi'. Bunday shi'ni'g'i'wlarda sabaq mazmuni' qi'zi'qarli' wo'tedi, woqi'wshi'lar bilimi bekkemlenedi, wolarda do'retiwshilik, atqari'wshi'li'q sheberligi ha'm muzi'kali'q woqi'w qa'biletlerinin' ha'r ta'repleme rawajlandi'ri'wdi' ta'miyinleydi. Muzi'ka sabaqlari'nda balalar saz a'sbaplari'n qollaw woqi'ti'wshi'dan u'lken juwapkershilik, do'retiwshilik ha'm tapqi'rli'qti' talap yetedi.

Muzi'ka sabag'i'nda qollani'latug'i'n balalar saz a'sbaplari' yeki tu'rge bo'linedi. Namali' ha'm namali' bolmag'an saz a'sbaplar. Namali' saz a'sbaplarg'a: metallafon ha'm ksilavon; namali' bolmag'an (shawqi'mli') saz a'sbaplarg'a: da'psheler, rumbalar, marakasalar, u'shmu'yeshlikler, qon'i'rawshalar, shaqi'ldaqlar, barabanshalar, ag'ash qasi'qlar kiredi.

Muzi'ka sabaqlari'nda balalar saz a'sbaplari'nan paydalani'w woqi'wshi'lardi'n' tembr uqi'bi', ritm tuyg'i'si', di'qqati' ha'm yadi'n rawajlandi'radi'.

### 3. Juwmaqlaw ha’m usi’ni’slar.

«Watani’mi’z keleshegi, xalqi’mi’zdi’n’ yerten’gi ku’ni, ma’mleketimizdin’ du’nyadag’i’ abi’royi’ a’welembar perzentlerimizdin’ wo’nip-wo’sip u’lkeyip, wo’mirge qanday insan boli’p kirip keliwine baylani’sli’dur. Biz bunday wo’tkir haqi’yqatti’ hesh qashan umi’tpawi’mi’z kerek». I.A.Karimov.

Xalqi’mi’z manawiyati’ni’n’ rawajlani’wi’nda milliy u’rp-a’detlerimizdin’ tutqan worni’ wog’ada u’lken. Bularg’a:

- mehr-miriwbet,
- insandi’ qa’dirlew,
- ti’ni’sh ha’m abadan turmi’s,
- dosli’q ha’m tati’wli’qti’ qa’dirlew,
- ha’r qi’yli’ jag’daylardi’ birgelikte sheshiw si’yaqli’ qa’diriyatlar kiredi.

Ma’nawiyati’mi’zdi’ qa’liplestiriwde u’lken ta’sirin tiygiziwshi ja’ne bir qorshag’an wortali’q bul ta’lim-ta’rbiya menen tikkeley baylani’sli’.

Ata-babalari’mi’z ilim marifat, ta’lip ha’m ta’rbiyani’ insan ka’milligin ha’m milletshiliktin’ biybaha bayli’g’i’mi’zdi’n’ yen’ tiykarg’i’ sha’rti ha’m uti’si’ dep bilgen.

Perzentlerimizdin’ biyg’a’rez ha’m ken’ pikirlew qa’biliyetine iye bolg’an an’li’ jasaytug’i’n ka’mil insanlar yetip wo’siriw ta’lim-ta’rbiya tarawi’ni’n’ tiykarg’i’ maqseti ha’m wazi’ypasi’ boli’wi’ sha’rt, - dep qabi’l qi’li’wi’mi’z kerek.

Ta’limdi ta’rbiyadan, ta’rbiyani’ bolsa ta’limnen aji’rati’p bolmaydi’ – bul sharqona ko’z-qaras, sharqona turmi’s filosofiyasi’. Bul haqqi’nda piker ju’ritkende, men Abdulla Avloniydin’ « Тарбия биз учун ё ҳаёт-ё мамот, ё нажот-ё ҳалокат,ё саодат-ё фалокат масаласидиир » degen teren’ ma’nili so’zlerin yesleymiz.

Mektep woqi’wshi’lari’na da’stu’riy xali’q qosi’qlari’n yelede bayi’ti’w joli’nda mekteplerde woqi’ti’wshi’lar usi’ temalarg’a arnap ashi’q sabaqlar, kesheler ha’m seminarlar wo’tkerilmekte. Bul temalardi’n’ basqa da pa’nler menen wog’ada ti’g’i’z baylani’sli’g’i’n qaraqalpaq til, wo’zbek til, a’debiyat, tariyx ha’m

su’wretlew wo’neri pa’nlerinde ko’riwimizge boladi’. Ma’selen qaraqalpaq tili ha’m a’debiyati’ pa’ninen Berdaq shayi’r ha’m A’jiniyaz shayi’rlari’mizdi’n qosi’qlari’ni’n’ ko’rik tan’lawlari’, tariyx pa’ni boyi’nsha «Ata-babalar miyrasi’» ko’rik tan’lawlari’, su’wretlew wo’neri pa’ninen milliy bayrami’mi’z Nawri’zg’a arnalg’an «Jas su’wretshi» ko’rik tan’lawlari’ wo’tkizilmekte. Bul bilimlerin yelede teren’irek u’yreniw maqsetinde woqi’wshi’lar saz-a’sbap do’gereklerinde bekkemlep woni’ a’meliyatta iske asi’rmaqta.

Ha’r bir millettin’ ruwxi’y bayli’g’i’ milliy ha’m uli’wma insaniyli’q qa’diriyatlari’ni’n’ birliginen du’ziledi.

Ruwxi’y miyras wo’tmishtin’ bayli’g’i’, woni’ iyelew ha’m rawajlandi’ri’w ha’zirgi a’wladlari’mi’zdi’n’ wazi’ypasi’ boli’p yesaplanadi’. Wo’zinin’ ma’deniyati’n ruwxi’y miyrasi’n qa’diriyatlari’n bilmewi yamasa mensinbewi bul ma’deniyatsi’zli’q boli’p tabi’ladi’. Ruwxi’y jaqtan joqari’ da’rejede rawajlang’an insang’a g’a’rezsizlik keleshegi ushi’n ku’sh ha’m qu’diretke iye boladi’.

A’sirler dawami’nda xali’qti’n’ ruwxi’y ixtiyaji’ tiykari’nda jarati’lg’an milliy qosi’qlari’mi’z ha’m woyi’nlari’mi’zda alg’a su’rilgen ta’rbiyali’q xarakterdegi pikirler jaslari’mi’zdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’n rawajlandi’ri’wda wog’ada a’hmiyetli boli’p tabi’ladi’.

Demek, milliy qosi’qlari’mi’zdi’ u’yretiw, wolardag’i’ alg’a su’rilgen ta’rbiyali’q pikirlerdi keleshekte jaslari’mi’zdi’n’ sana-sezimlerine sin’iriw biz woqi’ti’wshi’lari’mi’zdi’n’ Watani’mi’z aldi’ndag’i’ minnetimiz boli’p yesaplanadi’. G’a’rezsiz respublikami’z keleshegin belgilewshi ha’r bir puxarani’n’ wo’z minneti tiykari’nda ruwxi’y qa’diriyatlari’mi’zdi’ qayta tiklew, qaraqalpaq xalqi’ a’sirler dawami’nda tariyxi’y yesteliklerdi qa’sterlep saqlaw ha’m woni’ keleshek a’wladlari’mi’zg’a jetkiziw, xali’q qosi’qlari’n biliw ha’m rawajlandi’ri’w, qaraqalpaq tiline itibar beriw, ko’terin’kilik, hu’jdan ha’m din yerkinligin qarar tapti’ri’w, milliy qa’diriyatlari’mi’zdi’n’ negizi bolg’an milliy qosi’qlari’mi’z mazmuni’n teren’ u’yreniwge yerisiw si’yaqli’ sha’rtlerdi a’melge asi’ri’w boli’p tabi’ladi’.

Juwmaqlap aytqanda salt-da’stu’r qosi’qlari’mi’z ha’m wolardi’ atqari’wshi baqsi’ ha’m ji’rawlari’mi’z wo’neri ta’lim-ta’rbiyani’n’ negizi boli’p jaslardi’n’ aqi’l-parasati’ni’n’, a’depli pa’ziyletlerinin’ qa’liplesiwinde ha’m wolardi’n’ ruwxi’n pa’k yetip ta’rbiyalawda a’hmiyeti wog’ada ulli’. Buni’n’ ushi’n ma’mleketimizde ko’plegen is-ila’jlar rejelestirilip ha’m wolar wori’nlanbaqta. Wolar wo’z worni’nda jaqsi’ na’tiyjelerdi bermekte.

## 4. Paydalani'lg'an a'debiyatlar dizimi.


1. Karimov I.A. «Uzbekiston buyuk kelajak sari» T.Uzbekiston, 1997.
2. Karimov I.A. Tarixiy xotirasiz kelajak yuq T.Sharq, 1998.
3. Karimov I.A. Po puti bezopasnosti i stabil'nogo razvitiya T.6. T.Uzbekiston, 1998.
4. Karimov I.A. Ozod va obod vatan, erkin va faravon hayot bizning bosh maqsadimiz 8-tom T. «Uzbekiston», 2000.
5. D.Allanazarov, I.Jumaniyazov, B.Qa'lmenov «Qaraqalpaq milliy alamoynaq duwtar sa'zendesheligi sabaqli'g'i'» Balalar muzi'ka ha'm ko'rkem-wo'ner mektepleri ushi'n1-klass. G'afur G'ulam ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi Tashkent-2011.
6. G.M.Sharipova «Musiqa va uni o'qitish metodikasi» Toshkent 2009.
7. Ahmedova H., Yudina T. va boshqalar Bolangiz maktabga tayormi? T., Ma'rifat-Madadkor, 2000.
8. Uzbekiston Respublikasining «Ta'lim tug'risidagi qonuni», «Ma'rifat gazetasi, 1997, 1 oktyabr'.
9. A.Ibrohimov, A.Qoshaev, Q.Qurbanov «Muzi'ka» 4-klass ushi'n sabaqli'q. G'afur G'ulam ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi Tashkent-2013.
10. O.Ibrohimov, J.Sadirov, S.Tajetdinova, G.Ulfetova «Muzi'ka» 7-klass ushi'n sabaqli'q. G'afur G'ulam ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi Tashkent-2008.
11. S.Begmatov, A.Mambetov «Muzi'ka» 6-klass ushi'n sabaqli'q. G'afur G'ulam ati'ndag'i' baspa-poligrafiyali'q do'retiwshilik u'yi Tashkent-2008.
12. A.Mansurov, D.Karimova ha'm G.Kamalova 5-klass «Muzi'ka» sabaqli'g'i' Tashkent-2015.
13. «Woqi'w wori'nlari'nda do'retiwshilik wortali'qti' jetilistiriw: problemalar ha'm sheshimler» atamasi'ndag'i' Respublikali'q ilimiy-a'meliy konferenciya materiallari'. No'kis «Qaraqalpaqstan» 2009.

14. «Baslang’i’sh muzi’ka ta’liminin’ mashqalalari’» Jaslar ji’li’na bag’i’shlang’an Respublikali’q ilimiy-a’meliy konferenciya materiallari’. No’kis QMU 2008.
15. «A’jiniyaz ati’ndag’i’ No’kis ma’mleketlik pedagogikali’q instituti’ni’n’ ilim, bilimlendiriw ha’m ta’rbiya ma’selelerin rawajlandi’ri’wdag’i’ worni’» atamasi’ndag’i’ Respublikali’q ilimiy-teoriyali’q konferenciya materiallari’. No’kis «Qaraqalpaqstan» 2010.
16. «Woqi’ti’w ma’deniyati’, metodikasi’, woqi’ti’w texnologiyasi’, pedagogikali’q sheberlik» atamasi’ndag’i’ II Respublikali’q ilimiy-a’meliy konferenciyasi’ bayanatlari’ni’n’ materiallari’ toplami’. No’kis QMU 2013.

**Elektron ta’lim resurslari**

1. www.tdpu.uz
2. www.pedagog.uz
3. www.ziyonet.uz
4. www.edu.uz
5. tdpu-intranet.Ped